УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№35 (13702)

2022 гъэ, накъыгъэм (майм) и 14, щэбэт

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЩIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Социально-экономическэ зыужьыныгъэм

## Ялэжьымрэ зэлэжьынумрэ



**Иджыблагъэ, Москва къалэм Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIущIащ УФ-м и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, Ищхъэрэ-Кавказ федеральнэ хэгъуэгум и куратор Новак Александр. Ахэр тепсэлъыхьащ ди республикэм и дежкIэ социальнэ, экономикэ и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэ ин зиIэ проектхэмрэ программэхэмрэ зэрыщагъэзащIэм.**

Темрезов Рэшид вице-премьерыр щигъэгъуэзащ туризмэм, жыг хадэ гъэкIыным, генерацэ щхъуантIэр лэжьыным (щIыуэпс хэкIыпIэ къэщIэрэщIэжхэр), щIы щIагъым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэхыным хуэгъэзауэ ди республикэм проекти 5 пхигъэкIауэ зэрилэжьым, КъЧР-м и социально-экономическэ зыужьыныгъэм ипкъ иту.

КъЧР-м и Iэтащхьэм Новак Александр гу лъригъэтащ ди хэгъуэгум жыджэру инвестицэ лэжьыгъэхэри зэрырагъэкIуэкIым. Нэхъ инвестор щэджащэхэм ящыщщ — «Дамате» компанэ гупыр, мэлыл къабзэ къэлэжьыным хуэунэтIа проект ин ди щIыналъэм щызыгъэзащIэр. А проектыр нобэкIэ зэпымыууэ мэкIуатэ. Программэм и къалэнщ — мэлу ягъэхъум илъэсипщIкIэ тIэунейрэ иригъэхъун, къуажэдэсхэр лэжьапIэкIэ зэхурагъэкъукIэрэ, ахэр зыщыпсэу жылэхэм я социально-экономическэ щытыкIэм зригъэужьын.

«НобэкIэ гъуазэ нэхъыщхьэу диIэр — хэкIыпIэу дбгъэдэлъ псори щызу къызэрыдгъэсэбэпынращ, импорт ерыскъыр дэ къыщIэдгъэкIымкIэ зэрытхъуэжынращ», — къыхигъэщащ Темрезов Рэшид.

Вице-премьерым зыхигъэгъуэзащ хыхьэхэкIым къигъэув къыхэлъхьэныгъэхэми. Ар хуэгъэзащ предприятэ нэхъыщхьэхэр зэгуагъыхьэу Урысей Федерацэм и мэлхъуныгъэм зегъэужьыным. Абы къыхэлъытауэ щытынущ селекцэ купсэхэр къэгъэщIыныр, уней фермер хъызмэтхэм яIыгъ щIыгухэмрэ профильнэ заводхэмрэ мэлым, Iэщым хухаха шхапIэхэр къызэIухыныр. Япэ дыдэ апхуэдэ проектхэр Къэрэшей-Черкесымрэ Ставрополь краймрэ щрагъэжьэнкIэ мэхъу.

ЗэIущIэм къыпэкIуамкIэ, вице-премьерым унафэ къыхьащ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и Министерствэм дэщIыгъуу ди хэгъуэгум и лIыщхьэр а проектым нэхъ гъэтIысауэ хэплъэну.

«Ди хэгъуэгухэр я щIыуэпс щытыкIэкIэ зэрызэхуэмыдэм емылъытауэ, Урысей Федерацэм лъэкIыныгъэшхуэхэр иIэщ мэлхъуныгъэм зригъэужьыну. Ищхъэрэ Кавказым и хэгъуэгу куэдым я дежкIэ, мэлхъуныгъэр — ижь-ижьыж лъандэрэ къадекIуэкI хабзэщ. Дэ долъагъу Къэрэшей-Черкесми, СКФО-ми я мэкъумэш хъызмэт комплексхэр генетикэ и лъэныкъуэкIэ иджырей технологиехэр къагъэсэбэпурэ, Iэщ пIащэхэр зэрагъэхъур, зэрагъашхэр, ерыскъы къабзэ къызэрыхахыр. Къэралым ерыскъы узыншэ къыхуилэжьынумэ, къуажэ щIыпIэхэм я социально-экономическэ щытыкIэм щхьэпэнумэ, апхуэдэ хыхьэхэкI хьэрычэтхэр хэгъуэгухэм ядэтщтэнущ икIи тлъэкI къэмынэу дадэIэпыкъунущ», — жиIащ Новак Александр.

**Зыгъэхьэзырар ЛЫХЬ Тимурщ**

Зэ1ущIэ

**ЩIыуэпс гъуэзкIэ къызэгъэпэщыным, гъуэзыр яхуешэлIэным теухуауэ щытащ иджыблагъэ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ Газпром межрегионгаз Гупым и генеральнэ унафэщI Густов Сергейрэ Санкт-Петербург къалэм деж зэдрагъэкIуэкIа зэIущIэр.**

## Къалэнхэр ягъэув

Лъэныкъуэхэр тепсэлъыхьащ республикэм къигъэсэбэп щIыуэпс гъуэзым техуэ уасэр зэратым, 2021-2025 гъэхэм къриубыдэу республикэр гъуэзкIэ къызэгъэпэщыным теухуа программэр зэрылажьэм.

Гулъытэ хэхакIэ къыхагъэщащ «догазификация» лэжьыгъэр, ар зэрекIуэкIыр. Мы пIалъэм ехъулIэу, республикэм щыпсэухэм къабгъэдэкIыу лъэIу мини 2-м нэс къаIэрыхьащ мы Iуэхум ехьэлIауэ. Абы щыщу процент 70-м я лъэIур хуагъэзэщIащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, я хапIэхэм нэгъунэ щIыуэпс гъуэз бжьамийхэр хурашэлIащ.

«Догазификация» программэмкIэ пашагъэр зыIыгъ хэгъуэгуитхум Къэрэшей-Черкесыр зэращыщыр Густовым и гуапэу къыхигъэщащ икIи жиIащ дяпэкIи лэжьыгъэр щIамычэну къазэрыщыгугъыр.

ЗэIущIэм деж зэрыщыжаIащи, Курджиново жылагъуэм, Учкулан къуэладжэм гъуэз кIуапIэхэр щаухуэнущ. ИджыкIэ проектхэр и пIалъэм тету, ягъэнэIуа лэжьыгъэ мардэм темыкIыу пхагъэкI. Темрезов Рэшид тегъэчынауэ жиIащ республикэм деж мы программэр 2025 гъэм ехъулIэу зэрызэлъэщIагъыхьэнур.

**Ди корр.**

Къэрэшей-Черкес Республикэр — илъэси 100

## Щэнхабзэ дауэдапщэхэм

УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр Любимовэ Ольгэрэ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ иджыблагъэирипсэлъащ Къэрэшей-Черкесым и илъэси 100-р гъэлъэпIэным зэрызыхуагъэхьэзырым хуэгъэза упщIэхэм. А зэIущIэм хэтащ КъЧР-м щэнхабзэмкIэ и министр Агырбэ Зураб.

Нэхъыщхьэу зытепсэлъыхьар Къэрэшей-Черкес Республикэм и юбилей илъэсыр — лIыщIыгъуэ ныбжь зэрырикъуар гъэлъэпIэнращ. Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ и Министерствэм и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу, Къэрэшей-Черкесри, Къэбэрдей-Балъкъэрри, Адыгэ Республикэри зы къэралыгъуэм и хэгъуэгу зырыз зэрыхъурэ илъэси 100 зэрырикъуар Кремлым и дворецым щызэдагъэлъэпIэнущ фокIадэ (сентябрь) мазэм.

А махуэщIхэм я саулыкъукIэ, гъэмахуэ мазэхэм Москва и парк нэхъыщхьэхэм концерт зыбжанэ щрагъэкIуэкIынущ. Иджыри мураду яIэм ящыщщ: Къэрал Думэм деж Къэрэшей-Черкесым и махуэхэр щыгъэлъэпIэныр, къалащхьэм щыпсэу ди хэкуэгъухэм зэIущIэ ядегъэкIуэкIыныр. Ауэ, шэч хэмылъу, псом нэхърэ нэхъыщхьэр ди республикэм и цIыхухэр зыпэплъэ гукъинэж махуэщI дауэдапщэхэр нэсу зэрырагъэкIуэкIынуращ, щэ ныкъуэм щIигъу Iуэхугъуэ ЩIапIэ ди хэгъуэгум къызэрыщызэIуахынуращ.

ЗэIущIэм хэтахэр зытепсэлъыхьа упщIэхэм ящыщ зыщ — Къэрэшей-Черкесым щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ и инфраструктурэр нэхъыфI щIыным теухуар. Апхуэдэу, «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым ипкъ иту, иужьрей илъэсхэм яухуащ икIи зэрагъэзэхуэжащ щэнхабзэмкIэ Унэ 30. Черкесск къалэм дэт, гъуазджэхэмкIэ, музыкэмкIэ еджапIэхэм зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр щызэнагъэс.

Къэрэшей-Черкесыр илъэси 100 щрикъу илъэсым хуэкIуэу, УФ-м щэнхабзэмкIэ и Министерствэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ ди республикэм, СКФО-м щыяпэрейуэ къыщызэIуахынущ Iуэху ухуэкIэ индустрием и еджапIэ. Абдеж щеджэ хъунущ нэрыбги 120-рэ, къыхахыфынущ киногъуазджэр, сурэттех, дизайн, музыкэ IэщIагъэхэр.

КъЧР-м и Iэтащхьэм фIыщIэ хуищIащ Любимовэ Ольгэрэ ар зи пашэ Министерствэм щылажьэхэмрэ ди хэгъуэгум къадэIэпыкъуну сыт щыгъуи зэрыхьэзырым папщIэ. Псом хуэмыдэу, Къэрэшей-Черкесыр илъэси 100 зэрырикъуам хуэгъэзауэ дауэдапщэхэр егъэкIуэкIынымкIэ, республикэм и щэнхабзэм, нэгъуэщI лъэныкъуэхэм зегъэужьынымкIэ.

**Зыгъэхьэзырар АБЫКЪУ Къамырзэщ**

Къэпщытэжыныгъэ

**2021 гъэм ялэжьар, дяпэкIэ къапэщыт къалэнхэр къипщытэжу республикэм и цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэмалхэм я журналистхэм иджыблагъэ яIущIащ Урысейм и ФАС-м и къудамэу Къэрэшей-Черкес Республикэ Управленэм и унафэщI КIуантIэ Артур.**

## ЕхъулIэныгъэкIэ

— Илъэс кIуам Управленэм илэжьам къэпщытэжыныгъэ хуэтщIкIэрэ, тегъэчынауэ жысIэфынущ зэгурыгъэIуа, фIагъ лъагэ зиIэ лэжьыгъэ антимонопольнэ къулыкъум иригъэкIуэкIауэ. А лэжьыгъэм къызэригъэлъэгъуащи, гъэлъэгъуэныгъэхэр нэхъ лъагэщ, адэкIи апхуэдэу щытыну гугъапIэ псори щыIэщ, — жиIащ КъЧР-м и УФАС-м и унафэщIым.

КIуантIэ Артур бжыгъэхэмкIэ щIигъэбыдащ и псалъэхэр. Апхуэдэу, 2021 гъэм къриубыдэу антимонопольнэ хабзэр зэракъутам теухуа тхьэусыхэу къаIэрыхьам зэрыпэджэжам, абыхэм яхьэлIауэ къахьа унафэхэр 2020 гъэм елъытауэ проценти 160-кIэ нэхъыбэщ.

Сату Iуэхум ехьэлIа хабзэкъутэныгъэхэр зэхэгъэкIынымрэ ФАС къулыкъум и къалэнхэм къриубыдэу зэфIаха лэжьыгъэмрэ щаIэ ехъулIэныгъэхэми хэхъуащ. 2021 гъэм административнэ жэуаплыгъэм ирашэлIар 2020 гъэм елъытауэ проценти 150-кIэ нэхъыбэщ. Административнэ хабзэкъутэныгъэу къагъэхъуахэм тезыру тралъхьар псори зэхэту сом мелуанитIрэ ныкъуэм щIегъу.

КъинэмыщIауэ, Управленэм и унафэщIыр къытепсэлъыхьащ къэралым, хэгъуэгум щызэфIэува экономикэ щытыкIэм тещIыхьауэ зэныкъуэкъуныгъэ (конкуренция) зэдэлэжьэныгъэм зэрызиужьым, антимонопольнэ хабзэхэр зэрагъэзащIэм, рекламэм теухуа хабзэм, къулыкъум и къалэнхэм.

КIуантIэ Артур къытеувыIащ нэхъыбэрэ зыпэщIэхуэ хабзэкъутэныгъэхэм. Апхуэдэщ зэгурыIуэныгъэхэр зэдэщIыным щхьэусыгъуэншэу зыпыIудзыным е абы къигъэув мардэхэр ямыгъэзэщIэным яхьэлIа хабзэкъутэныгъэхэр; зэныкъуэкъуныгъэ мыузыншэ къэгъэхъуныр; хэгъуэгу власть къулыкъухэм я хабзэншэ лэжьэкIэр. УнафэщIым зи гугъу ищIа хабзэкъутэныгъэхэм теухуа щапхъэхэри къиихьащ.

ЕрыскъыхэкI сатущIапIэхэм щызекIуэ уасэхэм, зэфIэзэрыхьыныгъэхэм теухуа упщIэхэри пресс-конференцым къыщаIэтащ. КIуантIэм зэрыжиIащи, сату щытыкIэр зэфIэзэрыхьыгъуэ зэрихуэ лъандэрэ щIэплъыкIыныгъэхэр ирагъэкIуэкI, абыхэм къагъэлъэгъуахэм тещIыхьа унафэхэр къахь, абыхэм къырикIуахэми кIэлъоплъыж.



— Антимонопольнэ къулыкъур махуэ къэс сатущIапIэ зэхуэмыдэхэм макIуэ, щIэплъыкIыныгъэ лэжьыгъэхэр щрегъэкIуэкI. Социальнэ мыхьэнэ хэха зиIэ, цIыхухэр япэу зыщIэупщIэ ерыскъыхэкIхэм, хьэпшыпхэм яхьэлIауэ тегъэчынауэ жысIэнщи, мы пIалъэм ехъулIэу антимонопольнэ хабзэр щакъута, уасэр хабзэ мардэм икIыу здыхагъэхъуа щыIэкъым. Арами, уасэхэр зэпIэзэрыту зэтетIыгъэным хуэунэтIауэ, КъЧР-м и Правительствэмрэ УФАС-мрэ сатущIапIэ щхьэхуэхэм, цIыхухэр нэхъыбэу здэщахуэ маркетхэм зэгурыIуэныгъэхэр ядэтщIащ, — къыхигъэщащ КIуантIэ Артур.

КъинэмыщIауэ, УФАС-м и унафэщIым журналистхэр зэрыщигъэгъуэзащи, ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп пкъыгъуэхэм я уасэхэр нэхъ утIыпща хъуащ. Ар арэзы зытемыхъуэ лъэныкъуэщ. Ауэ а лъэныкъуэми Управленэм и Iуэху зэрехуэ, и нэIэм щIигъэувауэ щIэплъыкIыныгъэ лэжьыгъэхэр ирегъэкIуэкI.

Фошыгъум и уасэм теухуа упщIэм и жэуапу къитащ уасэр зэпIэзэрыт зэрыхъужар, сатущIапIэхэм пэрыхьэту зэрыщыбгъуэтынур.

Такси хуэIухуэщIэхэми я нэIэ зэрытрагъэтыр, абыи зэныкъуэкъуныгъэ хабзэхэр зэрыщакъутэ зэпытыр жиIащ.

Журналистхэм къаIэта упщIэ къэс КIуантIэ Артур жэуап пыухыкIа иритащ.

**ТУАРШЫ Ирэ.**
**Сурэтыр ТУАРШЫ Беслъэн трихащ**

## ЗэпыщIэныгъэ

ДНР, ЛНР хэгъуэгухэм я мобильнэ операторхэр Урысейм кърапхащ икIи +7 мобильнэ телефон номерхэмкIэ зэпыщIэныгъэхэр къызэрагъэпэщынымкIэ лъэкIыныгъэ ягъуэтащ.

Накъыгъэм (майм) и 7-м щегъэжьауэ, +38071; +38072 кодхэр зиIэ Донецк, Луганск операторхэм я абонентхэм я телефон номерхэр къыщIедзэ +7(949), +7 (959) бжыгъэхэмкIэ. Апхуэдэ къабзэу, Урысейм щыщ абонентхэми а номерхэм зыпащIэфынущ.

«УФ-м и Президентым мазаем (февралым) и 21-м ДНР-мрэ ЛНР-мрэ и щхьэхуитыныгъэр щIигъэбыдащ, абыхэм я пашэхэмрэ Урысейм и Президентымрэ зэныбжьэгъугъэм, зэдэлэжьэныгъэм, зэдэIэпыкъуныгъэм теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэпэ зэдыщIадзащ. А зэгурыIуэныгъэм къызэщIиубыдэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ телефон код нумерацэр», — жиIащ Урысейм цифровой зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Ким Дмитрий.

«ЛНР-м щыпсэухэм ДНР-м, Урысейм щыпсэухэм зыпащIэфынущ телефонкIэ. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ нобэкIэ», — жиIащ ЛНР-м зэпыщIэныгъэхэмрэ цIыхубэ коммуникацэхэмрэкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Еременко Андрей.

«Урысейм ича лъэбакъуэр дыдощтэ икIи фIыщIэ худощI ди гъунэгъухэм, ныбжьэгъухэм запытщIэнымкIэ дгъуэта лъэкIыныгъэм папщIэ. ДяпэкIэ гуащIафIэу дызэдэлэжьэну догугъэ», — жиIащ ДНР-м зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр Халепэ Игорь.

**КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат Правительствэм, мэрием хэтхэм зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ. Абдеж къыщаIэтащ республикэм и курыт еджапIэхэм щеджэхэр ерыскъы пщтыркIэ къызэгъэпэщыным, лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным теухуа псалъэмакъыр.**

## ИрагъэфIакIуэ

Къэрэшей-Черкес Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министр Кравченко Иннэ зэрыжиIащи, е 1-4-нэ классхэм щеджэ еджакIуэ мин 24-рэ пщIэншэу ерыскъы пщтыркIэ къызэрагъэпэщ. Абы щыщу еджакIуэ мини 8-р республикэм и къалащхьэм хуозэ. Шхыныгъуэхэр зэхуэмыдэщ, гъэм и пIалъэм телъытауэ.

ЗэIущIэм деж унафэ къызэрыщахьам теткIэрэ, дяпэкIэ махуэм еджакIуэхэм ирагъэшхынур здэгъэнэIуа менюр еджапIэхэм я сайтхэм щагъэлъэгъуэнущ, ерыскъым нэIэ тегъэтыным анэ-адэхэри къыхашэнущ.

КъинэмыщIауэ, Аргун Мурат къыхуриджащ лэжьыгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ чэнджэщхэр къыхалъхьэным.

Гъуэгу шынагъуэншагъэ

## Нэхъ мащIэщ

Иджыблагъэ гъуэгу зэхэзекIуэ шынагъуэншагъэмкIэ комиссэм дригъэкIуэкIа зэIущIэм деж КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат зэрыщыжиIащи, 2021 гъэм хэгъуэгум гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэхэм я бжыгъэр процент 23,5-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Арами, абыхэм фэбжьу хахыр иджыри куэдщ икIи абы ипкъ иткIэрэ, зэIущIэм деж къыхалъхьащ гъуэгу къэхъукъащIэхэм фэбжь хэзыхахэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ псынщIэу ягъэгъуэтыным, унагъуэ Iэщыр, псэущхьэхэр зыхэт, сабийхэр зыхэхуэ гъуэгу къэхъукъащIэхэр мащIэ хъуным теухуа чэнджэщхэмрэ упщIэхэмрэ.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Политикэ

## Зэкъуэтыныгъэр нэхъыфIщ

УРЫСЕЙ-ФЕДЕРАЦЭМ и Президент Путин Владимир ищIа Унафэм ипкъ иткIэрэ, мазэ зыбжанэ хъуауэ Украинэм щекIуэкI спецоперацэм имыгъэпIейтей, телевизорымкIэ къат хъыбархэм тегъэчынауэ кIэлъымыплъ урысей цIыхубэм хэту фIэщ щIыгъуейщ. Пэжщ, абыхэм дэтхэнэми езым и еплъыкIэрэ гупсысэрэ хуиIэщ. Абы и щыхьэткъэ, атIэ, Урысей къэралым щыпсэууэрэ зи лъэ быдэу зыгъэува, зи цIэ зыгъэIуа, мылъку зыщIа, хамэ къэралхэм иджы Iэпхъуэжауэ, «зи джэдыгухэр къытхузэзыгъэзэкIа» артист, уэрэджыIэ, телеведущэ гуэрхэм Урысейм къыхужаIэ хьэдыгъуэдахэхэр? Апхуэдэ къабзэщ украин, абыхэм ядэзыщтэ къэралхэм я СМИ-хэм пцIы зэфэзэщ зэгъэуIуауэ къат хъыбархэри. Ауэ, ар абыхэм я напэщ, я цIэщ. Дыгугъэнщ зэгуэр абыхэм хэт хейми, хэт къуаншэми тыншу къагурыIуэжыну.

Нэхъ гъэщIэгъуэнщ, нэхъ дерсщ гъащIэ зэхэщIыкI лъагэ зиIэ, куэд зылъэгъуа ди нэхъыжьыфIхэм я гупсысэхэм, я Iуэху еплъыкIэм дыщыгъуэзэну.

Апхуэдэщ иджыблагъэ дызэпсэлъа, Ботэщей къуажэдэс, къуажэм и нэхъыжь Советым и тхьэмадэ Хьэбэч Мурадин. Ар езыр илъэс 20-м нэскIэ унафэщI IэнатIэм пэрытащ, къуажэ администрацэм и тхьэмадэуи тетащ, иджыри, пенсэм щыщысми, жылагъуэ, къуажэ Iуэхухэм жыджэру хэтщ, политикэм фIыуэ щыгъуазэщ.

→ 2



Адыгэ унагъуэ къэс – адыгэ газет!

2022 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну "Черкес хэку" газетым Iэ щIэдзыныр йокIуэкI.

Газетыр къыщыщIэфтхыкIыфынущ пощт къудамэхэми, газетым и хэщIапIэм дежи.

ОПЕРАТИВНЭ ШТАБЫМ КЪЕТ: COVID-19

**Накъыгъэм (майм) и 12-м ехъулIэу:**

9-м — уз зэрыцIалэр къайуэлIащ

984-рэ — дунейм ехыжащ

45924-рэ — сымаджэхэм я бжыгъэщ

44677-рэ — хъужащ

12-рэ — сымаджэщхэм щIэлъщ

Къызэралъхурэ илъэси 105-рэ

# Куэд хуищIащ адыгэм

**БЭГЪРАТ ШИНКУБЭ — Абхъазым и цIыхубэ усакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, Социалистическэ ГуащIэдэкIым и ЛIыхъужь, абхъаз-адыгэ тхыдэр Iэдэж зыхуэхъуу, зи лъэпкъ литературэм лъэужь дахэ куэд къыхэзынэну зылъэкIа...**



ИкъукIэ адыгэхэр дригушхуэну къыттохуэ Тхьэр жэнэт щIыналъэкIэ зыхуэупса, Абхъаз Республикэм Шинкубэ Бэгърат хуэдэ цIыху щIыхьыбэ къыдэкIыу зэры-Кавказу фIыуэ зэрызыдигъэлъэгъуам. АтIэ, тхакIуэр дунейм тетыху, лъэпкъ литературэм хуэлэжьам къыщымынэу, и усыгъэмкIэ, повесту, роману итхамкIэ абхъаз тхыбзэм лъэбакъуэщIэ иригъэчащ.

«И сэфэтыр къызжепIэмэ, зэрыщытыр бжесIэнщ» жи адыгэм. Шинкубэ Бэгърат зэгуэрми пылъакъым и IуэхущIафэкIэ шыхьэхушу зищIу творческэ гъащIэ ирихьэкIыну, имыгуащIэ зрихьэлIэу лэжьакъым. Абы зэрихьащ къулыкъу лъагэ куэд. Абхъазым и тхакIуэхэм я Союзым и унафэщIу, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и тхьэмадэу щытащ, зы заулрэ хахащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатуи.

Къэралым къыбгъэдэкIыу къыхуагъэфэщащ Социалистическэ ГуащIэдэкIым и ЛIыхъужь щIыхьыцIэр. Ауэ, псом хуэмыдэу, Абхъаз АССР-м и цIыхубэ тхакIуэ зэращIар игъащIэ гуфIэгъуэт, щIэлажьэм и зы нэщэнэт. Адыгэхэр зыщыпсэу хэгъуэгухэм щыхьэщIэрейти, ди тхакIуэ, усакIуэхэм пыщIэныгъэ быдэ яхуиIэ хъуат. Адыгэхэм я тхыдэм хуэгъэзауэ куэд зэритхам къыпэкIуэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэ цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Шинкубэ Бэгърат 1917 гъэм къыщалъхуащ Абхъаз Республикэм и Члоу къуажэ цIыкIум. И гъащIэ псор хуигъэтIылъащ абхъаз прозэм, усыгъэм, адыгэ тхыдэр къэхутэн-къэтIэщIынми мащIэкъым и гуащIэу ирихьэлIар.

1938 гъэм Бэгърат и япэ усэ тхылъыр дунейм къытохьэ. Абдежым щыщIэдзауэ, и къалэмыр IэщIыб ищIкъым, тхылъеджэм и пащхьэ зэрырилъхьэным пылъщ нэхъ зыгъэгузавэу лъэпкъыгу бэмпIам къишхыдыкI сатырхэр. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ абхъазыбзэкIэ тхыгъэ, усыгъэ Iэрамэ лъэщхэр. Апхуэдэщ «Си лъэпкъэгъухэр», «Къуршым и пшыналъэ» усэбзэкIэ тха романхэр, «Чантэ къэсыжащ» повестыр, «Мывэ къутахуэ», «ЖылакIэ» романхэр. Дэтхэнэми абхъаз литературэм и дыщэ пхъуантэм увыпIэ нэс щеубыд.

1939 гъэм Согъум педагогическэ институтыр къыщиухым, Бэгърат щIыхьащ Куржы ССР-м бзэхэр джынымкIэ и щIэныгъэ Академием и аспирантурэм. Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр советыдзэм къыщихьа 1945 гъэ дыдэм и диссертацэ лэжьыгъэр щыпхигъэкIри, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат мэхъу.

ИлъэсипщIым щIигъукIэ ар щытащ Абхъаз АССР-м и министрхэм я Советым и комиссэм и тхьэмадэу. Куржы политик цIэрыIуэ Патиашвили Джумбер и Iэпэр щIэгъэбыдауэ 1947 гъэм Бэгърат письмо Кремлым етх, Сталинрэ Бериерэ захуигъазэу. Тхылъ иригъэхьам итт Абхъазыр Куржым къыгуагъэкIыу, хуитыныгъэ зиIэ щIыналъэ щIыныр езымкIи и лъэпкъэгъухэм я дежкIи гугъапIэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

Адыгэхэм ятриухуа тхыгъэ нэхъыфIхэм я гугъу пщIымэ, «ЖылакIэ» романым гулъытэ зыхуумыгъэщIкIэ къанэкъым. Романыр къызэрыдигъэкIыу, цIыхубэм ягу дохьэ, хамэ къэралхэми бзэ зэхуэмыдэхэмкIэ щызэрадзэкIыурэ журналхэм, газетхэм къытохуэ, тхылъуи къыщыдагъэкI.

1989 гъэм япэ дыдэ адыгэбзэкIэ щызэрадзэкIащ. «ЖылакIэ»-м къыщетхэкIащ Кавказым нэхъ бгырыс лъэпкъ уардэу исахэм ящыщ — убыххэм лъапсэкIуэд къызэрыхуахьар нехьэкI-къехьэкI хэмылъу, зэрыщыт дыдэу. А лэжьыгъэм адыгэм и мызакъуэу, абхъазри еIусэн хуейуэ, лъэпкъитIми я щэху зэкъуэлъу къилъытэт тхакIуэм.

Зы игъуэджэ псалъи пыжыпIыхь мыхъуну Шинкубэ Бэгърат къехъулIащ убыххэм яхуэупсэу итхар. АтIэ, «ЖылакIэ» романымкIэ тхакIуэр нэсу тхылъеджэхэм ядогуашэ убыххэр зэрагъэсэха щIыкIэм хьэдэгъуэдахэу адыгэм къыхуихьам теухуауэ, зэман зэхуэмыдэхэм псэуну щIэблэм пэжыр къазэрыхуэнэнум хуэдэу. Шинкубэ Бэгърат зи цIыхугъэу щытахэми, иужькIэ и творчествэр нэIуасэ къэзыщIахэми зыжьэу зэдыжаIэр зыщ: «ЖылакIэ» роман къудейм мыхъу адыгэм яхуимылэжьатэми, а цIыхушхуэм фIыщIэу хуэщIыпхъэм зы мэскъалкIи кIэрыхунтэкъым.

Къалэмым хуэпэжу дунейм тета Бэгърат пылъащ абхъаз-адыгэ тхыдэм и лъабжьэ щIэплъэн, упщIэхэм я жэуап къилъыхъуэн. Уеблэмэ тхыдэм елIалIэ зэпыту зэрыщытам къыхуигъэушащ ищхьэкIэ къыщытхьа роман телъыджэр тхыным. АтIэ, фэр-фэру фегупсысыжыт, «Зи хэку зыфIэкIуэдым псори фIокIуэд» жызыIа цIыхур сыт хуэдэ гупсысэ къезыхуэкIар, дапхуэдиз гугъуехьрэ мыарэзыныгъэрэ зэпишэчауэ пIэрэ абы? ДауикI, лъэпкъыпсэм псалъэншэуи къыгурыIуэнущ зэкIэ, «ЖылакIэ» тхылъым еджэ къудеймэ.

Шинкубэ Бэгърат и цIэр къыгуэхыпIэ имыIэу абхъаз литературэм щIрапхым и зы щхьэусыгъуэфIхэм ящыщщ усэу тха романхэр фIыуэ къызэрехъулIэу щытар. Хъарзынэу къыдэхъуу щытащ сабий усэхэри таурыхъхэри.

1975 гъэм совет режиссер Соловьев Владимир абхъаз тхакIуэм и «Къуршым и уэрэд» поэмэм къытрищIыкIыу триха «Бащлъыкъ хужь» художественнэ фильмыр щIэрыщIэу трахыжри 2016 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 11-м киноеплъхэм я пащхьэ кърахьащ.

1997 гъэм Шинкубэ Бэгърат хахащ Абхъазым щIэныгъэхэмкIэ и Академием и академикыу. Дунейм ехыжа нэужь, тхакIуэм и фэеплъу Абхъазым къыщыдагъэкIащ маркэхэмрэ ахъшэ жьгъейхэмрэ.

Прозаик, усакIуэ Шинкубэ Бэгърат и IуэхущIафэм къыдэкIуэу къэралым и цIэр къриIуащ нагъыщэ зэхуэмыдэхэмкIэ. Апхуэдэу, къыхуагъэфэщащ Ленин и орденитIыр, «Трудовой Красной Знамени» орденищыр, «Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм» и орденыр, хъуащ Гулиа Дмитрий и цIэкIэ ят саугъэтым и Лауреат, «Бащлъыкъ хужь» фильмым папщIэ саугъэт хэха къыщратауэ щытащ Кишинёв къалэм щекIуэкIа Союзпсо кинофестивалым.

Езанэ нагъыщэ зиIэ, Абхъаз Республикэм и «Ахьдз-Апша» орден лъапIэр зыхуагъэфэщахэм ящыщ зыщ.

Шинкубэ Бэгърат дунейм ехыжащ 2004 гъэм. Ар къызэралъхурэ мы гъэм накъыгъэм (майм) и 12-м илъэси 105-рэ ирокъу.

**ЛЫХЬ Тимур**

Политикэ

# Зэкъуэтыныгъэр нэхъыфIщ

1↰

— Украинэм щыхъэм дигу имыгъэузкIэ къанэкъым. Урысейм и къуэхэр хахуэу украин нацистхэм япэщIэтщ. ТекIуэныгъэм и Махуэшхуэм цIыхубэм игу къегъэкIыж блэкIар, зауэр, Украинэм и хуитыныгъэм ди сэлэтхэр зэрыщIэзэуар, украин сэлэтымрэ совет зауэлIымрэ я блыпкъ зэщIэгъэкъуауэ бийм зэрыпэщIэтар. А псори ящыгъупщэжащ, тхыдэри нэгъуэщIу ябзыжу ядыжыну пылъщ мамыр гъащIэр зи жагъуэхэмрэ абыхэм я пашэ Зеленскэрэ.

Уегупсысмэ, ар артистщ. Ар хъуэнкъым. Ауэ артистыр къэралым и пашэ зэрымыхъуфынур ди нэрылъагъущ. Къэралым и унафэр тэрэзу зэригъэкIуэн дэнэ къыщына, лIыжь-фызыжьхэм, сабийхэм, сымаджэхэм лыуз яхуиIэкъым. Мамыру псэу цIыхухэм хьэзабу ирагъэшэчар, иджыри яшэчыр, долъагъу. Ахэри, дэри, псори дызэхуэдэ цIыхущ. АтIэ, апхуэдэ хьэкIэкхъуэкIагъэхэр щхьэ бгъэхъэн хуей?! Ахэр плъэгъуа нэужь УФ-м и Президентым и политикэр думыщтэнкIэ Iэмал иIэкъым. ГукIи-псэкIи дызощтэ икIи сфIэтэрэзщ зи фэм имыхуэжхэр иригъэтIысэхыну зэрапэщIэувар. Абы къикIкъым Путин зауэ хуейуэ. Зауэм къыпэкIуэр абыи, дэри доцIыху. Ауэ уи цIыхухэм, уи хуитыныгъэм, щхьэхуитыныгъэм къыщеныкъуэкъукIэ — абдеж зыIэжьэрэ зышыIэрэ щыIэжын хуейкъым.

Апхуэдиз хьэлэбэлыкъ къызэрыкIа Iуэхур и кIэм нигъэсыну дыщогугъ ди Президентым. Зыщ дызыщIэлъэIур — мамыру псэуну хуей украин цIыхубэр, ди щIалэхэр хэмыкIуадэу, фэбжь хамыхыу Iуэхур зэфIэкIыну.

Нэхъыжьхэм я Советым ди зэхыхьэхэр коронавирус пандемием тIэкIу зэтригъэувыIами, дызэхуэмызэкIэ, дызэмыпсалъэкIэ къанэкъым. ЩIалэгъуалэми даIуощIэ. Псоми зы гупсысэ, зы Iуэху еплъыкIэ яIэжщ.

Дауэ щымытми, Iуэхум мамыру кIэ игъуэтауэ, къыдэныкъуэкъу къэралхэри, Украинэри, Урысейри зэгурыIуэжауэ, зэдэлэжьэныгъэ гъуэгу захуэм теувэжатэмэ, цIыхубэмкIи, дунеймкIи нэхъыфIт.

**ТУАРШЫ Ирэ**

ТекIуэныгъэм и илъэс 77-м

**Мы гъэм накъыгъэм (майм) и 11-м илъэс 18 ирикъуащ «Черкес хэку» газетым сыщылэжьэн зэрыщIэздзэрэ. ИкIи, нобэ хуэдэу соцIыхуж газетым къытехуауэ щыта си япэ тхыгъэр — «Псэм и щIопщакIуэ» фIэщыгъэцIэр зиIар. Ар зытезухуар си анэм и адэ, Али-Бэрдыкъуэ къуажэм «жылэ и уасэщ» зыхужаIэу дэса, пщIэшхуэ зиIа си адэшхуэ Щокъарэ Пакъэт.**

**ЖысIэнщи, уи Iыхьлым, къыбдалъхуам, уи нэIуасэфIым утепсэлъыхьыныр, утетхыхьыныр Iуэху тыншкъым. Къапщтэмэ, си щхьэкIэ ар куэдрэ згъэунэхуащ. АтIэ, ищхьэкIэ зи гугъу сщIа илъэс 18 хъуащи си адэм и адэ, Щохъужь Долэт сытетхыхьыну си гум илъщи, къалэмыр къызощтэ, согъэтIылъыж, си псалъэр схуешажьэкъым. ХужысIэныр мымащIэ пэтми.**

**Хэку зауэшхуэр и нэгу зэрыщIэкIам сытепсэлъыхьын закъуэри ирикъунт! КъинэмыщIауэ, си дадэм гъащIэ хьэлъэ, псом хуэмыдэу, сабиигъуэ мытынш къызэригъэщIам и гугъу сщIыжыххэкъым...**

# Дыпхуэарэзыщ, ди дадэ лъапIэ!

«Нобэ сцIыхур сцIыхуатэмэ...» — жаIэкъэ, зэмыIэбэкIыжыфу, Iуэхугъуэм къримыгъэгъэзэжыфу щыIэщIэкIым деж. Апхуэдэщ сэри. Псэужкъым си адэшхуэри, абы къыщIэхъуа и бынхэри: зэкъуэшхэм икIэу зи дунейр зыхъуэжар си адэращ — илъэс 67-м зи ныбжьыр иту дунейм ехыжа Алийщ. Адрей и къуэшхэм: Уэлий (ТIан) — илъэс 38-рэ, ТIуш (Хьэлым) — илъэс 42-рэ, Уэдин (ЗэIудин) — илъэс 44-рэ фIэкI къагъэщIакъым. Я бынхэр игъуэнэмыс хъуами, си дадэмрэ нанэмрэ — Долэтрэ Хьэлимэтрэ (ДыгъужькIэ еджэт, и хъыджэбз унагъуэцIэм папщIэ) гъащIэ кIыхь къагъэщIащ. ТIури илъэс 90-м екIуэлIауэ дунейм ехыжащ.



Долэт



Хьэлимэт

Си адэм куэдрэ жиIэу зэхэсхт: «Си къуэш тхьэмыщкIэхэр щIалэ дыдэу дунейм ехыжащ. Абыхэм къагъэщIа илъэс бжыгъэм сэ сыфIэкIащи, дауи, дадэрэ мамэхуэрэ хуэдэу, гъащIэ кIыхь сыхъуну къыщIэкIынщ» жэуэ. Ауэ, къигъэщIаи щымыIэу, зэшэзэпIэу тхэкIыжащ.

Си адэшхуэ Долэт дежкIэ згъэзэжынщи, абы къыдалъхуауэ иIа и шыпхъу Iэзэхъан (дэ дызэреджэр «Дода»-т) къыдбгъэдэсу дыпсэут: дэ ди унэр, итIанэ дадэхэ, итIанэ Дода къыщыст. А нанэм сэ сригъуэлъэгъут.

Дода дзапэ уэрэд сыт щыгъуи Iурылът. Иджыпсту хуэдэу си нэгу щIэтыжщ и щхьэ цIыкIур игъэсысу, и лъакъуитIыр пIэм дэхьеярэ, и лъэгуажьэхэр и Iэгум илъу, дзапэ уэрэд жиIэу зэрыщытар. Апщыгъуэми, куэдрэ слъагъут и нэм нэпс зэрыщIэтыр...

Зэхэсх зэпытт ибэу къанэу лъэпкъым зэрапIар здыжиIэж, езым зэхилъхьэжа гъыбзэ-уэрэд цIыкIури. «Си дэлъху цIыкIу мыгъуэм и бгым щызэпрыдза хъуржыным хьэтыкъ такъыррэ кхъуейрэ хуралъхьэти, пщэдджыжь жей IэфIым къыхашу, къэмыушыпа сабийр мэлыхъуэну щыдагъэкIкIэ, си гум зызэпигъазэт. ТхьэмыщкIафэ цIыкIу мыгъуэ хъужу, зигу къыхуэузу и щхьэм Iэ къыдэзылъэн и адэ-анэр имыIэжу къэнат а сабийр. Сэ зырат абы зи гур щIэузыр. СеплъыхукIи си нэпс щIэзутхыкIт», — жиIэжт Дода.

Си дадэм и шыпхъум сригъуэлъэгъуащ си ныбжьыр илъэс 14-м нэсыхункIэ. ИкIи, а зэрылъху-зэрыпIым я щхьэ крикIуам нэгъэсауэ сыщымыгъуэзами (си акъылым къызэрихутэрат сцIыхур), гъащIэ хьэлъэ къызэрагъэщIар сэркIэ гурыIуэгъуэт. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIтэкъым а тIур зэхуэсакъыу зэрызэдэпсэуар! И дэлъху закъуэм щхьэкIэ Дода зыуигъэукIынут. Дади тIысу шхэнутэкъым «Iэзэхъан и Iыхьэр» хухамыхауэ...

Дадэ нэгъуэщI шыпхъухэри иIащ. Ауэ ахэр нэхъыжьт, къызэрызгурыIуамкIэ, щIэх унагъуэ ихьахэт, нэгъуэщI жылэхэм щыпсэут.

Дода теухуа гукъэкIыжхэр махуи-жэщи зэпымыууэ жысIэжыфынущ, апхуэдизымкIэ ар цIыху гъэщIэгъуэн дыдэу щытащи. А нанэм ифI зэмыкIа къуажэм щыгъуэтыгъуейщ. Гу пцIанэт. ЛъэIукIэ зыкъыхуэзыгъэзам, а къыбгъэдыхьар зыхуэныкъуэр имыIэми, зэрыжаIэу, «къыщIитIыкIынути», ирitынут. Гу жьыдэгъэкIыу хьэблэми, къуажэми яIэт...

Ауэ, нобэ зи гугъу сщIыну сызыхуейр дадэ-Долэтщи, абы теухуа си гукъэкIыжхэр къэсIуэтэнщ. Си адэм жиIэжу зэхэсхащ: «Ди адэр зауэм щыдашым, мамэхуэ ТIуш тхьэмыщкIэр иIыгъыу, нэгъуэщI фызхэм ящIыгъуу, лъэсу Хьэбэз военкоматым нэгъунэ ехауэ щытащ. Фызхэм я щхьэгъусэхэр зауэм дагъэкIт, ягъэкIуатэт». Апщыгъуэм си адэшхуэм и ныбжьыр илъэс 33-м итт.

Дадэ псэлъэгъуейт. Ар куэдым ноби яцIыхуж. Зи, махуэ псом укIэрысамэ, зы макъ къыщыжьэдэмыIукIи хъут. СызэрыцIыкIу лъандэрэ Хэку зауэшхуэм теухуа тхылъхэр, тхыгъэхэр щIэзджыкIыну сфIэфIти, дадэ зауэм зэрыхэтам къытезгъэпсэлъыхьыну сыхуейуэ куэдрэ и фэр исхт. СыкIэрытIысхьэти, «зэми-зэм сиужэгъунщи, си упщIэхэм жэуап къаритынкъэ» жысIэурэ сыбгъэдэст. «Дадэээээ, къызжепIэжкъэ, атIэ!»... — а лъэIурат си жьэм къыжьэдэкI зэпытыр.

Арами, и башыпэ цIыкIумкIэ щIыр къызэрыритхъым фIэгъэкIа макъ иримыгъэщIу, си нэр къытезмыхыу сызэреплъым щхьэкIэ, къысхуеплъэкIрэ тIэкIуи къысщыгуфIыкIыу, и IэпхъуамбэмкIэ «си пэр дрикъеймэ», «Пэдэкъей сэлам къыуихыжащ» жиIэмэ, къысщыдыхьэшхыу щысынут. Арат ди зэпсэлъэныгъэр здынэсыр...

Ауэ, зы гъэмахуэ махуэ гуэрым, зэманыфIкIэ тетIысхьэпIэм дадэ сыдытесауэ, дауи, игу къысщIэгъуагъэнти, «Нэмыцэ – фашист плъагъупа? Уаззуа? Дапщэ букIа?» си упщIэхэм, сыщымыгугъауэ, жэуап къакIэлъыкIуащ.

— Нэмыцэ слъэгъуакъым, - жиIащ...

— Дадэ! Ар пцIыщ! — зыгуэр къызжиIэн щIидза къудеймэ, жысIэри, ину сыкъыхэгуоукIащ.

— Дэнэ щыпцIыхурэ уэ? — щIэгуфIыкIащ дадэ... ИкIи, слъагъуу, хэгупсысыхьащ. И щхьэр ирихьэхщ, и башыпэм и жьэпкъыр тригъэувэри, дакъикъэ гуэркIэ и нэр плъызу щысащ. Апщыгъуэм хыхьагъэнт ар алъандэрэ зи гугъу ищIыну хуэмея и гукъэкIыж хьэлъэхэм.

— Нэмыцэ уIумыщIамэ, фашистхэм фапэщIэмытамэ, майм и 9-м зауэм хэта ветеранхэм уахэту уагъэлъапIэри! Уи медалхэр дэнэ къикIа? А уи Iэм, уи щхьэ щIыбым, уи лъэм хэлъ шэ къутахуэхэр сыт къызыхэкIар, атIэ? — сэри сыерыщщи, сыувыIэкъым.

Сабийм и акъылым ириубыдар зэрыщымыгъупщэр хьэкъщ. Абы щыхьэт сытехъуэфынущ. Дадэ къызжиIэжам щыщу зы псалъэ сигу ихуакъым. Си гъащIэ псом и кIыхьагъкIи къыздогъуэгурыкIуэ мы хъыбарыр.

*«Советыдзэр дебгъэрыкIуэт. ХэщIыныгъэшхуэхэри щыIэт. Калининград (Кёнигсберг) къалэм и Iэхэлъахэм зэхэуэ хьэлъэхэр щекIуэкIт.*

*ЖэщитI-махуитI хъуауэ ерыскъы тIухуатэкъым. ЩIымахуэ щыIэ дыдэт. Иджы хуэдэу уэсыр апщыгъуэм мащIэтэкъым. Уэс куу дыдэ къесауэ, дызэригъакIуэтэкъым. Уздыхэувэм – ухэщатэт. Уэсыр щабэтэкъыми, игъэузт. ЩыгъынкIэ дыIэслъэс дыдэт.*

*Хъыбар къэIуащ: дыздэщыс щIыпIэхэм деж уэсыр къыщиттхъуу, дыхэтIысхьэну. Унафэр дгъэзэщIащ ди Iэпэ-лъапэ писыкIыжауэ, дызэпхъуэнур дымыщIэу. Умышхамэ, щыгъын хуабэ пщымыгъмэ, уи лъэм лъыгъ вакъэр зэпэгъуаниблмэ... Дауи дыкъела а дызыхэта щIыIэ уаем!*

*Арати, жэщым къиттхъуа уэсым дыхэлъауэ, пщэдджыжьым жьы дыдэу, дызэщIэдияуэ дызэхэлъу, нэху мыщ щIыкIэ, ди командирхэм унафэ къаIэрыхьащ дебгъэрыкIуэну. Ерыскъы гуэри къытлъагъэIэсри, иужьым, ди командирхэм «Ура-а-а-а!» жаIэу зыщаIэтым, дэри абыхэм дакъуэуващ. Арат «наступленэшхуэ щыIэнущ» жыхуаIар.*

*Сыт хуэдэ Iэщэт тIэщIэлъыр? Сэ винтовкэ сIыгът. Арати, ебгъэрыкIуэныгъэр, зэхэуэр хьэлъэ зэрыхъуар къыщызгурыIуар иужькIэщ: сибгъухэмкIи, сяпэ иту жэ сэлэтхэри зыр-зым кIэлъыкIуэу къэджалэт, къаукIт. Сегупсысащ апщыгъуэм: «Алыхьышхуэм ещIэ сэри сыкъыщыджэлэнур»... А гупсысэр иджыри иухагъэнтэкъым шэ цIывыр къыстехуэу, хуабабзу си Iэпкълъэпкъым къытелъэда лъы къыспыжыр щызыхэсщIам. Сыджэлащ. Си нэр къызэтесхамэ, уафэм фIэкI зыри слъагъукъым. Макъ щIагъуи зэхэсхыжкъым. ЕбгъэрыкIуэхэр сщхьэщыкIат. Макъыр жыжьэ дыдэ IукIуэтат. КъызгурыIуащ уIэгъэ сыхъуауэ сызэрыщылъыр.*

*Iуащхьэ гуэрым сытелът. Ар иужькIэщ къыщызгурыIуар. Ауэрэ, сызэрыщылъа пIалъэр схужыIэнкъым. Зэи сытемэхыкIагъэнт, итIани зыкъэсщIэжт. Лъы сщIэкIт. КъызгурыIуэт: дэIэпыкъуэгъу симыIэмэ, лъы сщIэкIым сызэрилIыкIынур.*

*Си нэр зэтелъу сыщэIуу сызэрыщылъа пIалъэр хэт ищIэн, ауэ мынэIуасэбзэкIэ зэпсалъэу псалъэмакъ къыщызэхэсхым, си нэр къызэтесхащ. Лъэ макъыр гъунэгъу къэхъури, лIитI къысщхьэщыхьащ. ТIуми Iэщэ яIыгът.*

*Псалъэ гуэр зэпадзащ. Сэ зыри къызгурыIуэтэкъым. Сакъыхудоплъейри сыщылъщ. Иужьым, зым и Iэщэр къызыфIихри, и кIакхъур иричащ. Ар зылъэгъуа етIуанэр Iэщэм теIэбэри, и ныбжьэгъум ар къимыгъэсэбэпмэ нэхъыфIу къилъытащ, «мыр дэ дымыукIми, езыр – езыру, лъы щIэкIкIэрэ лIэнущ» жриIагъэнщ...*

*Си нэр зэтеспIащ... ГъащIэ сиIэу къыщIэкIынти, сыкъелащ. КъыкIэлъыкIуэу си нэр къыщызэтесхам, военнэ госпиталым сыщIэлът. Си узыншагъэр тIэкIу зэтеувэжри, зауэм сыкъыIуагъэкIыжащ. Си Iэм, си лъэдийм, си щхьэ щIыбым шэ къутахуэхэр къыхэнат»...*

Илъэс 91-рэ къэзыгъэщIа си дадэм езы дыдэм и бынхэми яцIыхуакъым мы нобэ къэсIуэтэжа хъыбарыр. Си адэм а зауэ къэхъугъэр хуэзыIуэтэжар сэращ. Иужьым, ТекIуэныгъэр ди къэралым къызэрихьрэ илъэс 70 текIыжауэ, Хэку зауэшхуэм хъыбарыншэу щыкIуэдахэм я лъэужь къэзылъыхъуэ Хьэмыкъуэ Жаннэ и фIыщIэкIэ, «Подвиг народа» сайтым зэрымыщIэкIэ сыщрихьэлIащ зауэр екIуэкIыу нагъыщэ къызыхуагъэфэща, ауэ щхьэусыгъуэ гуэркIэ зрамытыжыфахэм. Абыхэм яхэтт си адэшхуэм и цIэ-унагъуэцIэр: дадэ къыхуагъэфэщат II нагъыщэ зиIэ Хэку зауэшхуэм и орденыр (Орден Отечественной войны II степени).

Мис апщыгъуэми сигу къэкIыжауэ щытащ дадэ къызжиIар: «*А ебгъэрыкIуэныгъэм дыхэта нэужь, госпиталым сыщIэлъу, орден къызатыну си командирхэм тхыгъэ зэрагъэхьэзырар къызжаIат. Ауэ, апщыгъуэм нагъыщэр къыслъыIэсыжакъым. Сэри сиIуэхужакъым. Хэт зауэр екIуэкIыу медаль е орден лъыхъуэжынур? СыкъаутIыпщыжати, си щхьэр къуажэм къынэсхьэсыжащ*» жиIэгъат дадэ.

А Iуэхугъуэм си адэмрэ сэрэ мызэ-мытIэу дрипсэлъауэ щытащ. «Си хъыджэбз, дадэ зауэ нагъыщэ къыхуагъэфэщауэ жеIэж. Абы лъыхъуэн хуейщ» жэуэ.

Дадэ, Тхьэм и шыкуркIэ, къуэрылъху куэд дыкъыщIэхъуащ. Хэти хуопабгъэ а орденыр адэшхуэм и фэеплъу зэрихьэну, дэ къыткIэлъыкIуэнухэм яIэщIэтлъхьэжыну. Ауэ, хабзэм къызэригъэувыр аращи, зауэ нагъыщэр зыхуагъэфэщар мыпсэужмэ, ар зратыр езым къыщIэхъуа и бын дыдэхэращ (прямые потомки). Жагъуэ зэрыхъущи, дэ къыдатыжынукъым. Ауэ, абы щхьэкIи къэмынэу, ди дадэшхуэр дэркIэ лIыхъужьщ. ИкIи, абы Хэкур бийм зэрыщихъумар щIэблэ-щIэблэкIэрэ зэIэпытхыурэ ди бынхэм ядгъэцIыхунущ.



Уэлий (ТIан)



Хьэлым (ТIуш)



Алий (ЦIыкIу)



ЗэIудин (Уэдин)




Долэт и къуэрылъхум и щIэблэ

Илъэс 91-рэ къигъэщIащ цIыху тыншу, вэгъ-зэгъыу, лэжьакIуэшхуэу дунейм тета, зи зэран зыми езымыгъэкIа, жылагъуэм сэбэп яхуэхъуу, чэнджэщ зыщагъуэт нэхъыжь Iумахуэу псэуа ди дадэ. Ар дунейм щехыжар 1999 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 20-ращ...

Тхьэм здэщыIэм щигъэтынш. Дыпхуэарэзыщ, ди дадэ лъапIэ!

**ЩОХЪУЖЬ Люсанэ**






Сурэт гъэтIылъыгъэхэр







# ТЕЛЕПРОГРАММЭ

накъыгъэм (майм) и **16-22**

## ПОНЕДЕЛЬНИК 16

**ПЕРВЫЙ**

9:00 Новости
9:20 Премьера. "АнтиФейк" (16+)
10:00 "Жить здорово!" (16+)
10:40 Информационный канал (16+)
12:00 Новости (с субтитрами)
12:15 Информационный канал (16+)
15:00 Новости (с субтитрами)
15:15 Информационный канал (16+)
18:00 Вечерние новости (с субтитрами)
18:20 Информационный канал (16+)
21:00 "Время"
21:45 Премьера. "Ваша честь" (S) (16+)
22:40 "Большая игра" (16+)
23:40 "АнтиФейк" (16+)

**РОССИЯ 1**

9:00 Вести. Местное время.
9:30 "Утро России".
9:55 "О самом главном". Ток-шоу. (12+)
11:00 Вести.
11:30 "60 минут". Ток-шоу. (12+).
14:00 Вести.
14:30 Вести. Местное время.
14:55 "Кто против?" Ток-шоу. (12+).
17:00 Вести.
17:30 "60 минут". Ток-шоу. (12+).
20:00 Вести.
21:05 Вести. Местное время.
21:20 "ЕЛИЗАВЕТА". (16+).
22:20 "Вечер с Владимиром Соловьёвым". (12+).

**НТВ**

8:00 Сегодня.
8:25 "МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ" (16+).
10:00 Сегодня.
10:30 "МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ" (16+).
13:00 Сегодня.
13:25 Чрезвычайное происшествие.
14:00 "Место встречи".
16:00 Сегодня.
16:45 "За гранью" /стерео/ (16+).
17:50 "ДНК" /стерео/ (16+).
19:00 Сегодня.
20:00 Премьера. "ВСПЫШКА" /стерео/ (16+).
23:00 Сегодня.
23:25 "ПЁС" /стерео/ (16+).

**МАТЧ!**

9:00 Специальный репортаж (12+).
9:20 Хоккей. Чемпионат мира. Чехия - Швеция. Трансляция из Финляндии (0+).
11:30 "Есть тема!" Прямой эфир.
12:30 Новости.
12:35 Специальный репортаж (12+).
12:55 Все на Матч! Прямой эфир.
13:30 Хоккей. Чемпионат мира. Дания - Швейцария. Трансляция из Финляндии (0+).
15:40 Все на Матч! Прямой эфир.
16:15 Хоккей. Чемпионат мира. Словакия - Канада. Прямая трансляция из Финляндии.
18:40 Новости.
18:45 "Громко" Прямой эфир.
20:15 Хоккей. Чемпионат мира. Финляндия - США. Прямая трансляция из Финляндии.
22:40 Футбол. Чемпионат Италии. "Ювентус" - "Лацио". Прямая трансляция.
23:45 Все на Матч! Прямой эфир.

**АРХЫЗ 24**

08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «События недели» (12+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Ближе к людям» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Капитальная стройка» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Здоровье» (12+)
11:35 «Пульс республики» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 Д/Ф «Жизнь достойная человека» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Любовь по приказу» 1 серия (12+)
15:30 «Проектная мастерская» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Ремесла» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоем прямой эфир» (16+)
19:00 «Ислам моя религия» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Парламентский вестник» (12+)
20:25 «С чего начинается родина» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Сильные духом» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Имена и времена» (12+)
22:35 Х/Ф «Команда Че» 3 серия (12+)
23:20 «Календарь» (12+)
23:30 «События дня» (12+)

## ВТОРНИК 17

**ПЕРВЫЙ**

9:00 Новости
9:20 Премьера. "АнтиФейк" (16+)
10:00 "Жить здорово!" (16+)
10:40 Информационный канал (16+)
12:00 Новости (с субтитрами)
12:15 Информационный канал (16+)
15:00 Новости (с субтитрами)
15:15 Информационный канал (16+)
18:00 Вечерние новости (с субтитрами)
18:20 Информационный канал (16+)
21:00 "Время"
21:45 Премьера. "Ваша честь". (S) (16+)
22:45 "Большая игра" (16+)
23:45 "АнтиФейк" (16+)

**РОССИЯ 1**

9:00 Вести. Местное время.
9:30 "Утро России".
9:55 "О самом главном". Ток-шоу. (12+)
11:00 Вести.
11:30 "60 минут". Ток-шоу. (12+).
14:00 Вести.
14:30 Вести. Местное время.
14:55 "Кто против?" Ток-шоу. (12+).
17:00 Вести.
17:30 "60 минут". Ток-шоу. (12+).
20:00 Вести.
21:05 Вести. Местное время.
21:20 Русская серия. "ЕЛИЗАВЕТА". (16+).
22:20 "Вечер с Владимиром Соловьёвым". (12+).

**НТВ**

8:25 "МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ" (16+).
10:00 Сегодня.
10:30 "МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ" (16+).
13:00 Сегодня.
13:25 Чрезвычайное происшествие.
14:00 "Место встречи".
16:00 Сегодня.
16:45 "За гранью" /стерео/ (16+).
17:50 "ДНК" /стерео/ (16+).
19:00 Сегодня.
20:00 "ВСПЫШКА" /стерео/ (16+).
23:00 Сегодня.
23:25 "ПЁС" /стерео/ (16+).

**МАТЧ!**

8:55 Новости.
9:00 Специальный репортаж (12+).
9:20 Хоккей. Чемпионат мира. Финляндия - США. Трансляция из Финляндии (0+).
11:30 "Есть тема!" Прямой эфир.
12:30 Новости.
12:35 Специальный репортаж (12+).
12:55 Все на Матч! Прямой эфир.
13:30 Хоккей. Чемпионат мира. Франция - Германия. Трансляция из Финляндии (0+).
15:40 Все на Матч! Прямой эфир.
16:15 Хоккей. Чемпионат мира. Чехия - Австрия. Прямая трансляция из Финляндии.
18:40 Гандбол. Чемпионат России "Олимпбет-Суперлига". Женщины. 1/2 финала. ЦСКА - "Звезда" (Звенигород). Прямая трансляция.
20:15 Хоккей. Чемпионат мира. Швейцария - Казахстан. Прямая трансляция из Финляндии.
22:40 Все на Матч! Прямой эфир.
23:30 Хоккей. Чемпионат мира. Италия - Дания. Трансляция из Финляндии (0+).

**АРХЫЗ 24**

08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «Соседи» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Кавказская десятка» (16+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Новостенок» (6+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сельский кластер» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Проектная мастерская» (12+)
11:35 «Стихия» (6+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Женский портрет» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Лига эрудитов» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Любовь по приказу» 2 серия (12+)
15:30 «Мой аул» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Имена и времена» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Прямой эфир» (12+)
19:00 «Архызский лик» (12+)
19:20 «Разговорник» (6+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «О земном и небесном» (12+)
20:30 «Школа ЖКХ» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Ближе к людям» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Прямая речь» (12+)
22:35 Х/Ф «Команда Че» 4 серия (12+)
23.20 «Календарь» (12+)
23:30 «События дня» (12+)

## СРЕДА 18

**ПЕРВЫЙ**

9:00 Новости
9:20 Премьера. "АнтиФейк" (16+)
10:00 "Жить здорово!" (16+)
10:40 Информационный канал (16+)
12:00 Новости (с субтитрами)
12:15 Информационный канал (16+)
15:00 Новости (с субтитрами)
15:15 Информационный канал (16+)
18:00 Вечерние новости (с субтитрами)
18:20 Информационный канал (16+)
21:00 "Время"
21:45 Премьера. "Ваша честь". Многосерийный фильм (S) (16+)
22:45 "Большая игра" (16+)
23:45 "АнтиФейк" (16+)

**РОССИЯ 1**

9:30 "Утро России".
9:55 "О самом главном". Ток-шоу. (12+)
11:00 Вести.
11:30 "60 минут". Ток-шоу. (12+).
14:00 Вести.
14:30 Вести. Местное время.
14:55 "Кто против?" Ток-шоу. (12+).
17:00 Вести.
17:30 "60 минут". Ток-шоу. (12+).
20:00 Вести.
21:05 Вести. Местное время.
21:20 Русская серия. "ЕЛИЗАВЕТА". (16+).
22:20 "Вечер с Владимиром Соловьёвым". (12+).

**НТВ**

8:25 "МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ" /стерео/ (16+).
10:00 Сегодня.
10:30 "МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ" /стерео/ (16+).
13:00 Сегодня.
13:25 Чрезвычайное происшествие.
14:00 "Место встречи".
16:00 Сегодня.
16:45 "За гранью" /стерео/ (16+).
17:50 "ДНК" /стерео/ (16+).
19:00 Сегодня.
20:00 "ВСПЫШКА" /стерео/ (16+).
23:00 Сегодня.
23:25 "ПЁС" /стерео/ (16+).

**МАТЧ!**

9:00 Специальный репортаж (12+).
9:20 Хоккей. Чемпионат мира. Швейцария - Казахстан. Трансляция из Финляндии (0+).
11:30 "Есть тема!" Прямой эфир.
12:30 Новости.
12:35 Специальный репортаж (12+).
12:55 Все на Матч! Прямой эфир.
13:30 Хоккей. Чемпионат мира. Швеция - Великобритания. Трансляция из Финляндии (0+).
15:40 Все на Матч! Прямой эфир.
16:15 Хоккей. Чемпионат мира. Норвегия - Австрия. Прямая трансляция из Финляндии.
18:40 Все на Матч! Прямой эфир.
18:55 Регби. Чемпионат России. ЦСКА - "Локомотив-Пенза". Прямая трансляция.
20:55 Новости.
21:00 Все на Матч! Прямой эфир.
21:40 Футбол. Лига Европы. Финал. "Айнтрахт" (Германия) - "Рейнджерс" (Шотландия). Прямая трансляция из Испании.

**АРХЫЗ 24**

09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Культурный экспресс» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Мой аул» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Имена и времена» (12+)
11:30 «Архызский лик» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Наша кухня» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Дом моих родителей» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Любовь по приказу» 3 серия (12+)
15:30 «Здоровья» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Республика традиций» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоём» прямой эфир (+16)
19:00 «Проектная мастерская» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Прямая речь» (12+)
20:30 «Парламентский вестник» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Сельский кластер» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Нур» (12+)
22:35 Х/Ф «Команда Че» 5 серия (12+)
23.20 «Календарь» (12+)
23:30 «События дня» (12+)

## ЧЕТВЕРГ 19

**ПЕРВЫЙ**

9:00 Новости
9:20 Премьера. "АнтиФейк" (16+)
10:00 "Жить здорово!" (16+)
10:40 Информационный канал (16+)
12:00 Новости (с субтитрами)
12:15 Информационный канал (16+)
15:00 Новости (с субтитрами)
15:15 Информационный канал (16+)
18:00 Вечерние новости (с субтитрами)
18:20 Информационный канал (16+)
21:00 "Время"
21:45 Премьера. "Ваша честь". Многосерийный фильм (S) (16+)
22:45 "Большая игра" (16+)
23:45 "АнтиФейк" (16+)

**РОССИЯ 1**

9:30 "Утро России".
9:55 "О самом главном". Ток-шоу. (12+)
11:00 Вести.
11:30 "60 минут". Ток-шоу. (12+).
14:00 Вести.
14:30 Вести. Местное время.
14:55 "Кто против?" Ток-шоу. (12+).
17:00 Вести.
17:30 "60 минут". Ток-шоу. (12+).
20:00 Вести.
21:05 Вести. Местное время.
21:20 Русская серия. Премьера. Юлия Хлынина, Александр Балуев, Агриппина Стеклова, Алексей Агранович, Виктор Раков и Кирилл Кузнецов в телесериале "ЕЛИЗАВЕТА". (16+).
22:20 "Вечер с Владимиром Соловьёвым". (12+).

**НТВ**

8:25 "МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ" /стерео/ (16+).
10:00 Сегодня.
10:30 "МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ" /стерео/ (16+).
13:00 Сегодня.
13:25 Чрезвычайное происшествие.
14:00 "Место встречи".
16:00 Сегодня.
16:45 "За гранью" /стерео/ (16+).
17:50 "ДНК" /стерео/ (16+).
19:00 Сегодня.
20:00 "ВСПЫШКА" /стерео/ (16+).
23:00 Сегодня.
23:25 "ЧП. Расследование" /стерео/ (16+).
23:55 "Поздняков" /стерео/ (16+).

**МАТЧ!**

8:55 Новости.
9:00 Специальный репортаж (12+).
9:20 Хоккей. Чемпионат мира. Швейцария - Словакия. Трансляция из Финляндии (0+).
11:30 "Есть тема!" Прямой эфир.
12:30 Новости.
12:35 Специальный репортаж (12+).
12:55 Все на Матч! Прямой эфир.
13:30 Хоккей. Чемпионат мира. Финляндия - Швеция. Трансляция из Финляндии (0+).
15:40 Все на Матч! Прямой эфир.
16:15 Хоккей. Чемпионат мира. Великобритания - США. Прямая трансляция из Финляндии.
18:40 Новости.
18:45 Футбол. Лига Европы. Финал. Обзор (0+).
19:15 Все на Матч! Прямой эфир.
20:15 Хоккей. Чемпионат мира. Чехия - Латвия. Прямая трансляция из Финляндии.
22:40 Все на Матч! Прямой эфир.
23:30 Хоккей. Чемпионат мира. Германия - Дания. Трансляция из Финляндии (0+).

**АРХЫЗ 24**

08:35 «Пульс Республики» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Острый вопрос» (12+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Здесь и сейчас» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Поставь мне лайк» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Мой аул» (12+)
11:35 «Аутентичная кухня» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Город» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Любовь по приказу» 4 серия (12+)
15:30 «Сельский кластер» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «С чего начинается Родина» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоем» прямой эфир (16+)
19:00 «Капитальная стройка» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Нур» (12+)
20:30 «Ваше право» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Лига эрудитов» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пульс Республики» (12+)
22:35 Х/Ф «Команда Че» 6 серия (12+)
23:20 «Календарь» (12+)
23:30 «События дня» (12+)

## ПЯТНИЦА 20

**ПЕРВЫЙ**

9:20 Премьера. "АнтиФейк" (16+)
10:00 "Жить здорово!" (16+)
10:40 Информационный канал (16+)
12:00 Новости (с субтитрами)
12:15 Информационный канал (16+)
15:00 Новости (с субтитрами)
15:15 Информационный канал (16+)
18:00 Вечерние новости (с субтитрами)
18:40 "Человек и закон" с Алексеем Пимановым (16+)
19:40 "Поле чудес" (S) (16+)
21:00 "Время"
21:45 "Две звезды. Отцы и дети" (S) (12+)
23:40 Дакота Джонсон, Шайа Лабаф в фильме "Арахисовый сокол" (S) (12+)

**РОССИЯ 1**

9:00 Вести. Местное время.
9:30 "Утро России".
9:55 "О самом главном". Ток-шоу. (12+)
11:00 Вести.
11:30 "60 минут". Ток-шоу. (12+).
14:00 Вести.
14:30 Вести. Местное время.
14:55 "Кто против?" Ток-шоу. (12+).
17:00 Вести.
17:30 "60 минут". Ток-шоу. (12+).
20:00 Вести.
21:05 Вести. Местное время.
21:20 "Вечер с Владимиром Соловьёвым". (12+).

**НТВ**

8:25 "МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ" /стерео/ (16+).
10:00 Сегодня.
10:30 "МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ" /стерео/ (16+).
13:00 Сегодня.
13:25 Чрезвычайное происшествие.
14:00 "Место встречи".
16:00 Сегодня.
16:45 "ДНК" /стерео/ (16+).
19:00 Сегодня.
20:00 "Жди меня" /стерео/ (12+).
20:50 "Страна талантов" /стерео/ (12+).
23:00 "Своя правда" с Романом Бабаяном /стерео/ (16+).

**МАТЧ!**

8:55 Новости.
9:00 Специальный репортаж (12+).
9:20 Хоккей. Чемпионат мира. Чехия - Латвия. Трансляция из Финляндии (0+).
11:30 "Есть тема!" Прямой эфир.
12:30 Новости.
12:35 Специальный репортаж (12+).
12:55 Все на Матч! Прямой эфир.
13:20 Хоккей. Чемпионат мира. Канада - Казахстан. Трансляция из Финляндии (0+).
15:30 Смешанные единоборства. One FC. Петчморакот Петчьинди против Джимми Вьено. Прямая трансляция из Сингапура.
18:00 Матч! Парад (16+).
18:30 Новости.
18:35 Все на Матч! Прямой эфир.
19:30 Баскетбол. Единая лига ВТБ. Финал. Прямая трансляция.
21:55 Борьба. Борцовская Лига Поддубного. Прямая трансляция из Москвы.

**АРХЫЗ 24**

08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Наша Кухня» (12+)
09:40 «Красота в деталях» (12+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Лига эрудитов» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сильные духом» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Республика традиций» (12+)
11:30 «Ислам моя религия» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Школа ЖКХ» (12+)
12:45 «Дом моих родителей» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Новостенок» (6+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Любовь по приказу» 5 серия (12+)
15:30 «Поехали» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Красота в деталях» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Жизнь достойная человека» (12+)
18:40 «Ваше право» (12+)
18:50 «Разговорник» (6+)
19:00 «Здесь и сейчас» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Пульс республики» (12+)
20:30 «Соседи» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Ремесла» (12+)
21:20 «Разговорник» (6+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Имена и времена» (12+)
22:35 Х/Ф «Команда Че» 7 серия (12+)
23:20 «Календарь» (12+)
23:30 «События дня» (12+)

## СУББОТА 21

**ПЕРВЫЙ**

9:00 "Умницы и умники" (12+)
9:45 "Слово пастыря" (0+)
10:00 Новости (с субтитрами)
10:15 "Любовь Полищук. Последнее танго" (12+)
11:10 "Видели видео?" (0+)
12:00 Новости (с субтитрами)
12:15 "Видели видео?" (0+)
13:45 Фильм "Дорогой мой человек" (0+)
15:00 Новости (с субтитрами)
15:15 "Дорогой мой человек" (0+)
15:55 "Елизавета Федоровна. Осталась лишь одна молитва" (12+)
18:00 Вечерние новости (с субтитрами)
18:20 "Пусть говорят" (16+)
19:55 "На самом деле" (16+)
21:00 "Время"
21:35 "Сегодня вечером" (16+)
23:15 "Мадам Парфюмер" (S) (12+)

**РОССИЯ 1**

8:00 Сегодня.
8:20 "Поедем, поедим!" /стерео/ (0+).
9:20 Едим дома /стерео/ (0+).
10:00 Сегодня.
10:20 Главная дорога /стерео/ (16+).
11:00 "Живая еда с Сергеем Малозёмовым" /стерео/ (12+).
12:00 Квартирный вопрос /стерео/ (0+).
13:05 "Однажды..." /стерео/ (16+).
14:00 Своя игра /стерео/ (0+).
15:00 "Отрицатели болезней". Научное расследование Сергея Малозёмова /стерео/ (12+).
16:00 Сегодня.
16:20 Следствие вели... /стерео/ (16+).
18:00 "По следу монстра" /стерео/ (16+).
19:00 "Центральное телевидение" с Вадимом Такменевым.
20:15 "Маска". "Филипп Киркоров. 55!" /стерео/ (12+).
23:00 "Скажи им, кто я". К юбилею Филиппа Киркорова /стерео/ (16+).

**НТВ**

9:25 Едим дома /стерео/ (0+).
10:00 Сегодня.
10:20 Главная дорога /стерео/ (16+).
11:00 "Живая еда с Сергеем Малозёмовым" /стерео/ (12+).
12:00 Квартирный вопрос /стерео/ (0+).
13:05 "Однажды..." /стерео/ (16+).
14:00 Своя игра /стерео/ (0+).
15:00 Следствие вели... (16+).
16:00 Сегодня.
16:20 Следствие вели... (16+).
19:00 "Центральное телевидение" с Вадимом Такменевым.
20:20 Ты не поверишь! /стерео/ (16+).
21:20 "Секрет на миллион". "Мамы звезд" (16+).
23:30 "Международная пилорама" с Тиграном Кеосаяном /стерео/ (16+).

**МАТЧ!**

8:55 Новости.
9:00 Специальный репортаж (12+).
9:20 Хоккей. Чемпионат мира. Чехия - Латвия. Трансляция из Финляндии (0+).
11:30 "Есть тема!" Прямой эфир.
12:30 Новости.
12:35 Специальный репортаж (12+).
12:55 Все на Матч! Прямой эфир.
13:20 Хоккей. Чемпионат мира. Канада - Казахстан. Трансляция из Финляндии (0+).
15:30 Смешанные единоборства. One FC. Петчморакот Петчьинди против Джимми Вьено. Прямая трансляция из Сингапура.
18:00 Матч! Парад (16+).
18:30 Новости.
18:35 Все на Матч! Прямой эфир.
19:30 Баскетбол. Единая лига ВТБ. Финал. Прямая трансляция.
21:55 Борьба. Борцовская Лига Поддубного. Прямая трансляция из Москвы.

**АРХЫЗ 24**

08:30 «Прямой эфир» (12+)
09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Разговорник» (6+)
10:20 «Кавказ сегодня» (12+)
11:00 Хит-парад «Кавказская десятка» (16+)
11:50 «Неотрывной календарь» (12+)
12:00 «Дом моих родителей» (12+)
12:35 «Имена и времена» (12+)
13:00 «Сильные духом» (12+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 Х/ф «Кунг-фу кролик: Повелитель огня» (6+)
15:35 Мультфильм «Дневник Фокса Микки» (0+)
15:50 «Календарь» (12+)
16:00 «Здесь и сейчас» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Спорт-тайм» (12+)
17:50 «Неотрывной календарь» (12+)
18:00 «Лига эрудитов» (12+)
18:30 «Пульс Республики» (12+)
18:45 «Время, вперед!» программа (12+)
19:00 «Поставь мне лайк» (12+)
19:30 «События недели» (12+)
20:30 «Республика традиций» (12+)
20:50 «Неотрывной календарь» (12+)
21:00 «Твой выходной» (12+)
21:30 «Разговорник» (6+)
21:40 Х/Ф «Я Сэм» (16+)
23:50 «Музыка» (16+)

## ВОСКРЕСЕНЬЕ 22

**ПЕРВЫЙ**

8:55 "Здоровье" (16+)
10:00 Новости (с субтитрами)
10:15 Премьера. "Ванга. Пророчества" (16+)
11:15 "Видели видео?" (0+)
12:00 Новости (с субтитрами)
12:15 "Видели видео?" (0+)
14:10 "Рихард Зорге. Подвиг разведчика" (16+)
15:00 Новости (с субтитрами)
15:15 Александр Домогаров в многосерийном фильме "Зорге" (S) (16+)
18:00 Вечерние новости (с субтитрами)
18:20 "Зорге" (S) (16+)
21:00 "Время"
22:35 "Что? Где? Когда?" Летняя серия игр (S) (16+)
23:45 "Харджиев. Последний русский футурист" (16+)

**РОССИЯ 1**

8:35 "По секрету всему свету".
9:00 "Формула еды". (12+)
9:25 "Пятеро на одного".
10:10 "Сто к одному". Телеигра.
11:00 Вести.
12:15 "Доктор Мясников". Медицинская программа. (12+)
13:20 Карина Разумовская, Елена Подкаминская, Татьяна Казючиц, Павел Трубинер, Нелли Пшенная и Виталий Егоров в телесериале "ТОЛЬКО О ЛЮБВИ". (12+).
17:00 Вести.
18:00 "Привет, Андрей!" Вечернее шоу Андрея Малахова. (12+)
20:00 Вести.
21:00 Премьера. Ольга Красько, Алексей Макаров, Алексей Морозов, Екатерина Вуличенко, Михаил Полицеймако, Любовь Германова и Евгения Ярушникова в фильме "ТОТ МУЖЧИНА, ТА ЖЕНЩИНА". (12+).

**НТВ**

10:00 Сегодня.
10:20 "Первая передача" /стерео/ (16+).
11:00 "Чудо техники" /стерео/ (12+).
12:00 "Дачный ответ" /стерео/ (0+).
13:00 "НашПотребНадзор" /стерео/ (16+).
14:00 Своя игра /стерео/ (0+).
15:00 Следствие вели... /стерео/ (16+).
16:00 Сегодня.
16:20 Следствие вели... /стерео/ (16+).
18:00 "Новые русские сенсации" /стерео/ (16+).
19:00 "Итоги недели" с Ирадой Зейналовой.
20:30 "Ты супер! 60+". Новый сезон /стерео/ (6+).
23:00 "Звезды сошлись" /стерео/ (16+).

**МАТЧ!**

8:00 Легкая атлетика. Всероссийский полумарафон "ЗаБег. РФ". Прямая трансляция.
11:30 Все на Матч! Прямой эфир.
12:25 Новости.
12:30 Футбол. Тинькофф Российская Премьер-лига. Обзор (0+).
13:30 Баскетбол. Единая лига ВТБ. Финал. Прямая трансляция.
15:55 Все на Матч! Прямой эфир.
16:15 Хоккей. Чемпионат мира. Казахстан - Германия. Прямая трансляция из Финляндии.
18:40 Новости.
18:45 Смешанные единоборства. UFC. Холли Холм против Кетлин Виеры. Трансляция из США (16+).
19:45 Все на Матч! Прямой эфир.
20:15 Хоккей. Чемпионат мира. Швеция - Норвегия. Прямая трансляция из Финляндии.
22:40 Футбол. Чемпионат Италии. Прямая трансляция.
23:45 Все на Матч! Прямой эфир.

**АРХЫЗ 24**

09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Женский портрет» (12+)
11:00 «Новостенок» (6+)
11:30 «Здоровье» (12+)
12:00 «Ближе к людям» (12+)
12:35 «Ремесла» (12+)
13:00 «Мой аул» (12+)
13:25 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 Х/Ф «Любимчики в поисках радуги» (6+)
15:10 Мультфильм «Новые, никому не известные приключения барона Мюнхгаузена» (6+)
15:40 «Спорт-тайм» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Лига эрудитов» (12+)
17:30 «Авторские программы» (12+)
17:55 «Итоги недели. Черкесск» программа (12+)
18:30 «Культурный экспресс» (12+)
19:00 «Аутентичная кухня» (12+)
19:15 «Красота в деталях» (12+)
19:30 «Острый вопрос» (12+)
20:30 «Архызский лик» (12+)
20:50 «Разговорник» (6+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «Белый Олеандр» (16+)
23:35 «Музыка» (16+)

ЩIыхь

# ЦIыхуфIым хуэгъэза псалъэ

**АЛИ-БЭРДЫКЪУЭ къуажэм еджэным дихьэхауэ зы цIыху къыдэкIамэ, Хутэ Мышэ етIуанэщ! Си тхыгъэр, 2022 гъэм щIымахуэкIэ – февраль мазэм и 17-м «Черкес хэку» газетым къытехуар, пощтзехьэм Мышэ зэрыIэщIилъхьэу, телефонкIэ зыкъыспищIэри, мыр къызжиIащ: «Ставрополь къыщыдэкI «Родинэ», Москва къыщыдэкI «Правда» газетхэм къытехуэ тхыгъэхэм адыгэу еджэр мащIэщи, «Черкес хэку» газетым нэхъыбэрэ утхэну сынолъэIу!»**



Хутэ Мышэ и лъэIур згъэзащIэкIэрэ, си етIуанэ тхыгъэр газетым ныфIэрызогъыхьэ. Ар тезухуащ Беслъэней къуажэм къыщалъхуа, щеджа, щылэжьа, абдеж щыпсэу Унэжь Дахэ. Си тхыгъэр Къэрэшей-Черкесым и коммунистхэм я газетым къытездзэн си мурадащ. Ауэ а газетыр куэд щIауэ къыдэкIыжкъым.

ЕтIуанэу, си жагъуэ мэхъу си адэмкIэ си анэшхуэ Хьэбэчыр Гуащнагъуэ къыздалъхуа Беслъэней къуажэм ПэтI Риммэрэ Унэжь Дахэрэ яхуэдэ бзылъхугъэхэр мащIэ зэрыщыхъуар. КъинэмыщIауэ, егъэджакIуэфI дыдэу Беслъэней къуажэм дэса Уэхъутэ ФуIэд Хьэлым и къуэр къызэралъхурэ 2021 гъэм илъэс 90 зэрыхъуам папщIэ, зыми зы псалъэ хужиIакъым...

Апхуэдэ щхьэусыгъуэхэм къыхэкIыу, «Черкес хэку» газетыр къызыхуэкIуэхэм, абы еджэхэм сывдэгуэшэну сыхуейщ Унэжь Дахэ хуэгъэзауэ сцIыхумкIэ.

Сыхуейщ адыгэ щIалэ псори Уэхъутэ ФуIэд хуэдэ хъуну, адыгэ бзылъхугъэ псори Унэжь Дахэ хуэдэ хъуну.

## Дахэ еджакIуэфIт

Унэжь Дахэ япэ дыдэ щыслъэгъуар ар Беслъэней курыт еджапIэм щеджэ зэманращ: галстук плъыжь дэлъу, еджакIуэхэм я япэ зэгухьэныгъэм жану хэтт.

Сэбэпышхуэ къихьынут езыхэр зэреджамрэ зэрырагъэджамрэ нобэрей егъэджакIуэхэм, еджакIуэхэм яхуиIуатэмэ. Жагъуэ зэрыхъунщи, егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ мыхъумыщIагъэ куэд халъхьащ щIэныгъэ нэс зыбгъэдэмылъа, къэралым и лIыщхьэу тетахэм: Хрущев Н., Брежнев Л., Горбачев М., Ельцин Б. сымэ. Ахэращ нобэ къекIуэкI мыхъумыщIагъэ куэдым я къежьапIэр.

1941 гъэм гъэмахуэпэ мазэм и 22-м ди къэралым къытеуа нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыдащIылIа зауэм ди цIыху мелуан бжыгъэ хэмыкIуэдатэмэ, унафэщIыфIхэри диIэнут, псори къыдэхъуапсэу дыпсэунут.

Беслъэней къуажэм цIыхуфI куэд къыдэкIащ, ГъукIэкъул Даут деж щегъэжьауэ. Ауэ XXI лIыщIыгъуэм а къуажэм щыбгъуэтыжынукъым еджапIэм ГъукIэкъул Даут и цIэр фIащауэ зыцIыхуж. Ар къызыхэкIыр зыщ — еджэныгъэ-гъэсэныгъэр зэпымыууэ зэрекIэкIуаращ.

Унэжь Дахэ зэрыцIыкIу лъандэрэ фIыуэ ищIар къебжэкIыгъуейщ. Псом япэр аращи, щапхъэфI къигъэлъагъуэу щытащ, ноби апхуэдэщ. Унагъуэ хъарзынэ ищIащ, зэщхьэгъусэхэм яку фIылъагъуныгъэ ин дэлъу зэдэпсэуащ. Езы Дахэ хуэдэу, и щхьэгъусэри щапхъэ къэзыгъэлъагъуэ коммунисту щытащ.

БыныфI зэдапIащ, щIэныгъэ, хьэл-щэн дахэ, цIыхугъэшхуэ яхэлъу. Беслъэней къуажэм и тхыдэм фIыкIэ къыхэнащ Дахэ и щхьэгъусэр. ФIыкIэ къыхэнэнущ Дахи, я бынхэри.

Беслъэней къуажэм къыщалъхуащ, щапIащ Урысей ГуащIэдэкIымкIэ и ЛIыхъужь, тхакIуэшхуэ, усакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ и адэм и анэр.

Беслъэней къуажэм бзылъхугъэфI куэд къыдэкIащ. Иджыри согугъэ къыдэкIыну си адэм и анэ Хьэбэчыр Гуащнагъуэ, Унэжь Дахэ сымэ яхуэдэу.

## Беслъэней щыщу фIы куэд зыщIам Дахэ ящыщщ

Зэрыдунейуэ зэщIалъысащ Беслъэней къуажэдэсхэм 1942 гъэм Ленинград къыдаша сабийхэр нэмыцэхэм ирамыгъэцIыхуу, Iэрамыгъыхьэу зэрапIар. Ауэ ящыгъупщэжащ 1917-1922 гъэхэм лэжьакIуэхэм я лъэкIыныгъэр къэхьыным, хъумэным, гъэбыдэным Беслъэней дэса цIыху куэд жану зэрыхэлIыфIыхьар. А къуажэм щIалэгъуалэ жан, жыджэр куэд къызэрыдэкIар.

Сымыгъуащэмэ, абыхэм я цIэхэмрэ, фIыуэ ящIамрэ къуажэ тхыдэмрэ, къуажэ тхыдэм и музеймрэ тэрэзу, нэгъэсауэ иджыри къыщыгъэлъэгъуа хъуакъым. Адрей адыгэ къуажэхэм яхуэдэу комсомолецхэр, коммунистхэр Беслъэней къуажэм щыкуэдакъым. Абыхэм гугъуехь куэд яшэчыну къахудэхуащ, фIыуэ еджахэр, дуней зэхэлъыкIэр фIыуэ зыцIыхухэр, къызыгурыIуэхэр мащIэти.

Жагъуэ зэрыхъущи, еджакIуэхэм я япэрей зэхыхьэхэм комсомолец жыджэру къахэкIыр мащIэт. А комсомолецхэм ящыщу коммунист жан хъужхэри нэхъ мащIэжт. Бандэхэм яхыхьэр, комсомолецхэр, коммунистхэр зыукIхэр мащIэтэкъым. Абы и щыхьэтщ егъэджакIуэ Къалмыкъ Аслъэмбэч, IэзакIуэ ГъукIэкъул Даут, нэгъуэщI куэди хьэдэгуузу, лажьи-хьэкъи ямыIэу зэраукIар.

Беслъэней курыт еджапIэм щеджахэм ящыщу фIыкIэ сигу къинэжащ Унэжь Дахэ, Мамбэт Фатимэ, егъэджакIуэфIу Хьэбэз курыт еджапIэм куэдрэ лэжьар, быныфI къызыщIэхъуар, зыпIар, зыгъэсар.

Унэжь Дахэ Жантемырхэ я унагъуэм къихъухьащ 1945 гъэм щIымахуэку мазэм и 12-м. Ар ВЛКСМ-м жану хэтащ 1959 гъэм и щIымахуэку мазэм щегъэжьауэ. 1967 гъэм щIымахуэпэ мазэм КПСС-м хыхьащ.

Дахэ сабиищ къыщIэхъуащ: пщащэ дахэкIейхэу Дусарэ, Iэминат, щIалэ гъэщIэгъуэн Ансар сымэ. И бынхэм я быныжхэм я щхьэр ину ярегъэлъагъуж я анэшхуэ Дахэ.

Дауи, Дахэ IэнатIэшхуэхэм нихусыфынут, зэпымычу еджэнут, унафэщI къыхэкIыфынут, 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и адэр хэмыкIуэдатэмэ. Фызабэу къэна и анэм сабиищ ипIын къыхуихуащ.

1952 гъэм сэ Хьэбэз курыт еджапIэр къэзухащ. А гъэм Дахэ Беслъэней курыт еджапIэм и япэ классым щIыхьат. Дахэ еджапIэм щызэхэта комсомол зэгухьэныгъэм и бюром хэтащ. Спорт зэхьэзэхуэхэм къыхэжаныкIт, щытекIуэт. Езыр егъэджакIуэ хъуну хуейт. Ауэ ищхьэ еджапIэ щIыхьэну лъэкIыныгъэ иIатэкъыми, Беслъэней къуажэм дэта заводым Iухьащ, IэкIэ лажьэ лэжьакIуэу.

Абдежым комсомол зэгухьэныгъэм и унафэщIу щытащ. Дахэ и унафэм щIэту лажьэ щIалэгъуалэр, лэжьыгъэ нэужьым зэхуэсти уэрэд жаIэт, къафэт. Я къуажэм дэт щэнхабзэ IуэхущIапIэм деж и мызакъуэу, нэгъуэщI къуажэ куэдым зыкъыщагъэлъагъуэт. Абы щхьэкIэ Дахэ фIыщIэшхуэ къыхуащIт.

Дэнэ щымылэжьами, Дахэ нэхъыжьхэми, нэхъыщIэхэми пщIэшхуэ къыхуащIу къекIуэкIащ. Ныбжьэгъу куэд иIэт.

1977 гъэм щегъэжьауэ Дахэ Беслъэней къуажэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм и унафэщIу, фIы дыдэу, щытхъу къихьу лэжьащ. Къуажэми, Хьэбэз район Советми я лIыкIуэу куэдрэ хахащ. Хьэбэз ВЛКСМ и райкомым, Къэрэшей-Черкес обкомым я лIыкIуэу щытащ. Ставрополь крайм и ВЛКСМ зэгухьэныгъэм и комитетым хэтащ. ФIыщIэ нагъыщэ куэд къыхуагъэфэщащ. Дапхуэдиз гугъуехь имылъэгъуами, Дахэ насыпыфIэу зыкъелъытэж.

Ар коммунисту щытащ икIи къэнэжащ. Беслъэней къуажэм дэс коммунист зырызым ящыщщ. А къуажэм дэс коммунистхэм я унафэщI Къардэн Фатимэ и дэIэпыкъуэгъущ.

**ПIЭФ ФуIэд,**
**Али-Бэрдыкъуэ къуажэ**

Лъэпкъ Iуэху

**ТекIуэныгъэм и Махуэр — накъыгъэм (майм) и 9-р гъэлъэпIэным ипкъ иту, ди республикэм щыпсэу адыгэхэм илъэс куэд хъуауэ хабзэфIу къадокIуэкI адыгэшым и гъэлъэгъуэныгъэр егъэкIуэкIыныр. Хьэбэз къуажэм и хэлъэдапIэм гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр щрагъэкIуэкI шыхэр къэгъэжэным, гъэлъэгъуэным тещIыхьауэ, нэгъуэщIу жытIэнщи, адыгэлIхэм ягъэунэху адыгэшым и бэшэчагъыр, щэным я нэхъ пажэ шыIэныгъэр зэрахэлъыр.**

# Адыгэшым и гъэлъэгъуэныгъэ



Япэрауэ, адыгэшым хуэгъэзауэ мызыгъуэгум къракъэжьа «Черкесский Аргамак — 2022» шыгъэлъагъуэр щыпэ къехьэжьэкъым. Ар нэгъаби, абы япэгъи хуэдэу Къэрэшей-Черкесым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгэ Республикэм я зыуэ щыт «Шу Хасэм» къыбгъэдэкIыу яублащ.

ЕтIуанэрауэ, шыгъэлъагъуэм хэтащ хакIуэ 21-рэ, 2017 гъэм нэхърэ мынэхъыщIэу. Хагъыхьэн ипэ, ахэр хэплъыхьауэрэ къыхахащ мы гъэм мазаем (февралым) и 20-м къыщегъэжьауэ мэлыжьыхьым (апрелым) и 20-м пщIондэ.

— Иджыблагъэ едгъэкIуэкIа дауэдапщэм иIащ федеральнэ мыхьэнэ. Абы къедгъэблэгъащ шы гъэхъунымкIэ Урысей щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым (ВНИИ) щылажьэ, мэкъумэш хъызмэт щIэныгъэхэмкIэ кандидатхэу, щIэныгъэрылажьэ нэхъыжьхэу Белоусовэ Натальерэ Николаевэ Аннэрэ, шы зыгъэхъухэмрэ фIыуэ зылъагъухэмрэ я Урысей Союзым хэт Хьэкъун Назир сымэ. Къапщтэмэ, иджырей шы къэжэныгъэхэм щIэщыгъуэу хэдгъыхьар зы закъуэщ — адыгэм и шынэхъыщIэу къилъытэ псэущхьэм и дунейм къызыхуэт щымыIэу щыгъуазэ еджагъэшхуэхэр зэрыдихьэщIаращ, — жиIащ КъЧР-м и «Шууей Хасэм» и тхьэмадэ Астэжь Iэмир.

Дауэдапщэм щыIащ Хьэбэз муниципальнэ районым и администрацэм и тхьэмадэ Жу Тимур, КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутат Аслъэнхэ Алий, Советым и тхьэмадэ Тэмазэ Рэмэзан, район администрацэм и Iуэхухэр зегъэкIуэнымкIэ къудамэм и унафэщI Унэжь Рэмэзан, район Iэтащхьэм и къуэдзэ Сатушы Мурат, нэгъуэщIхэри.









Шы гъэлъэгъуэныгъэм адыгэш нэхъыфIитхур ягъэнэIуащ:

— Япэ увыпIэр къилъэщащ, сом мин 30-рэ саугъэту хуагъэфэщащ икIи «Черкесский Аргамак — 2022» фIэщыгъэцIэри иратащ Абрэджыкъуэ Мурат (ПсэукIэ-Дахэ къуажэ) и «Абрэдж 25» хакIуэм;

— ЕтIуанэ увыпIэр къихьащ, сом мин 20 саугъэту лъысащ Жу Инус (Али-Бэрдыкъуэ къуажэ) и «Догмар 33» шым;

— Ещанэ увыпIэмрэ сом мини 10-рэ къихьащ Лъэпщ Азэмэт (КъБР-м и Ислъэмей къуажэм щыщ) и «Бгырыс» шым;

— ЕплIанэр — Астэжь Iэмир (Хъумэрэныжь къуажэ) и «Уэзырмэс» шыращ;

— Етхуанэр — КIэдэкIуей Мусэ (ПсэукIэ-Дахэ къуажэ) и «Налмэс 09» хакIуэращ.

Мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ шы гъэхъунымкIэ ВНИИ-м къикIа щIэныгъэрылажьэхэм мы гъэм адыгэш хакIуэ нэхъыфIхэр къызэрыхаха щIыкIэр. АтIэ, абыхэм зыгъэгъуазэ картэ къагъэсэбэпурэ, накъыгъэм и 7-м Адыгэ Республикэм и Тэхътэмыкъуей къуажэм, накъыгъэм и 9-м Хьэбэз деж, 10-м — КъБР-м и Прохладнэ къалэм щекIуэкIа шыгъэлъагъуэхэм хакIуэ щырыщ щагъэнэIуащ.

Зи кIэн къикIа шыхэмрэ ахэр къэзыгъэжа шууейхэмрэ мэкъуауэгъуэм (июным) и 10-13 махуэхэм Санкт-Петербург щызэхэтыну Къэралыбэ иппосферэм кIуэныр я насып къихьащ.

А махуэм кърагъэблэгъа хьэщIэ лъапIэ, шы гъэхъунымкIэ ВНИИ-м и щIэныгъэрылажьэ нэхъыжь Николаевэ Аннэ шыкъэгъажэм хэтахэм тыгъэ яхуищIащ адыгэщIым и дахагъыр, адыгэшымрэ адыгэлIымрэ зэрызэпыщIар къыздигъэлъэгъуа усэ телъыджэр. Ди гуапэу а усэмкIэ дывдогуашэ.

### КАВКАЗ

*Прекрасный край,*
*прекрасные места...*
*Здесь сходятся*
*земли и неба красота.*
*Здесь люди гор живут*
*под солнцем золотым.*
*И мудрость предков*
*помогает им.*

*Традиции здесь чтут,*
*историю храня,*
*Единым именем зовут*
*и брата и коня.*
*Ведь верный конь*
*черкесу тоже брат,*
*В любых походах*
*он не ведает преград.*

*Конь – брат, конь – друг,*
*конь – верная опора!*
*История и память*
*целого народа.*
*Хранимые для*
*поколений новых,*
*Пока ещё нам*
*с вами незнакомых...*

**ЛЫХЬ Тимур**

ТекIуэныгъэм и Махуэм

# Фэеплъымрэ ЩIыхьымрэ

**ТекIуэныгъэм и Махуэм Алиев Умар и цIэр зезыхьэ Къэрэшей-Черкес къэрал университетым къыщызэIуахащ Фэеплъымрэ ЩIыхьымрэ я Аллее.**



Студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ, Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэм университетым и хъуреягъкIэ къыщрасэкIащ зи къапщIийхэр плъыжьсырыхуфэу къэгъагъэ сакурэ япон жыгыщIэхэр. ЯгъэтIыса жыгхэм я гъунэгъуу узыгъэгъуазэ пхъэбгъухэр щагъэуващ, къалэмрэ университетымрэ я тхыдэ напэкIуэцIхэм къиха хъыбархэр тету.

Япэу къызэIуаха экспозицэр траухуащ Хэку зауэшхуэм хэта, Къэрэшей-Черкес къэрал университетым зи гуащIэ хуэзыгъэтIылъа егъэджакIуэхэмрэ абы щеджахэмрэ я фэеплъу.

— Архивхэр къэтIэтыжкIэрэ едгъэкIуэкIа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм къыпэкIуамкIэ, наIуэ къэтщIащ зауэнэужь илъэсхэм ди университетым профессору щылэжьа егъэджакIуэхэм, абыхэм гуэдзэу я гъусахэм я цIэхэр. Къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, куэдым къыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденыр, нагъыщэ зэхуэмыдэхэр зиIэ Хэку зауэшхуэм и орденхэр, «Хахуагъэм папщIэ», «Берлин къызэращтам папщIэ», «Прагэ къызэращтам папщIэ» медалхэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэ лъытэныгъэм щIегъэбыдэ лIыхъужьыгъэ зэрахьэу ахэр зауэм зэрыхэтар, — жиIащ университетым и ректор Узденов ТаусулътIан. — Фэеплъымрэ ЩIыхьымрэ я Аллеем къыщыхьащ зауэм щыгъуэ ди университетым, къалэм и зэфIэувэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэр. Дэтхэнэ зыри щIэзэуащ Хэкум хуитыныгъэ къыхуэхьыным. Абыхэм яхэтащ рабфакыр къэзыухахэр – Совет Союзым, Урысей Федерацэм и ЛIыхъужьхэр.

**Зыгъэхьэзырар ЛЫХЬ Тимурщ**

<u>**Къэрэшей-Черкесым и юбилей илъэсым къриубыдэу, социальнэ IуэхущIапIэхэр ухуэным хуэгъэзауэ лэжьыгъэ убгъуа ирагъэкIуэкIынущ.**</u>

Ухуэныгъэхэр

## Социальнэ IуэхущIапIэщIэхэр

Апхуэдэу, нобэ яухуэн щIадзагъэххэ, ирагъэжьэн я мурад социальнэ IуэхущIапIи 167-м щрагъэкIуэкIынущ зэхъуэкIыныгъэхэр, капитальнэ зэгъэзэхуэжыныгъэхэр, зэIузэпэщыныгъэхэр.

2022 гъэм а щIыпIэхэм къыщрахьэжьэну зэрызэгурыIуа лэжьыгъэхэм иджыблагъэ КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтахэр ирипсэлъащ.

Яухуэну яубзыхуа IуэхущIапIэ 70-р мыпхуэдэ лъэныкъуэхэм яхьэлIащ: егъэджэныгъэм – 30-рэ; узыншагъэр хъумэным – 7; щэнхабзэм – 8; спортым – 6; псэупIэ ухуэныгъэхэм – 4; псыкIэ къызэгъэпэщыным – 6; турист инфраструктурэм – 4; гъуэгу инфраструктурэм – 5.

А псом къинэмыщIауэ, капитальнэу зэрагъэзэхуэжынущ зи № 31 гъуэгу Iыхьэр икIи хьэлъэзешэ машинэхэм я зэхэзекIуэкIэм кIэлъыплъ къэувыIэпIэ ягъэувынущ. ЗэIузэпэщ ящIынущ жылагъуэ щIыпIэ 14-рэ пщIантIэ 50-рэ.

**Ди корр.**



Лъэпкъ проектхэр

## ЩIыпIэхэр егъэфIэкIуэным

Къэрэшей-Черкес Республикэм щыпсэухэм яхуэгъэзауэ: мы гъэм екIуэкIыну Урысейпсо онлайн - Iэ Iэтым и етIуанэ къекIуэкIыгъуэм республикэм и муниципальнэ къэхъугъуиплI хагъыхьащ. Апхуэдэщ Черкесск, Карачаевск, Усть-Жэгуэтэ къалэхэмрэ Уарп районым хыхьэ Медногорск жылагъуэмрэ.

Мы Iуэхугъуэр «Жилье и городская среда» лъэпкъ проектым и «Формирование городской среды» федеральнэ программэм ипкъ иту йокIуэкI икIи накъыгъэм (майм) и 30-м нэгъунэ пищэнущ.

ЦIыхухэр зыщыпсэу щIыпIэхэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр нэхъ здегъэкIуэкIыпхъэу къэфлъытэм Iэ хуэфIэтыфынущ **09.gorodsreda.ru** сайтым деж.

Прокуратурэм зэхегъэкI

## Сабий зиIэ унагъуэхэм щIэуэ иратыну социальнэ ахъшэхэм хуэгъэзауэ

Илъэси 8-17 ныбжьым кърииубыдэ сабий зиIэ, щытыкIэ хьэлъэм иува унагъуэхэм я лъэIу тхылъхэр ящтэу икIи щIаплъыкIыу щIадзащ мы гъэм накъыгъэм (майм) и 1-м къыщегъэжьауэ.

ЛъэIу тхылъхэр «Госуслуги» порталымкIэ электроннэ щIыкIэу ирагъэхь, е социальнэ къызэгъэпэщыныгъэмкIэ къулыкъум зыхуагъазэу щIалъхьэ хъунущ.

Езы хуэгъэкIуэтэныгъэр мазэ 12-кIэ ягъэуву ирагъэжьащ мэлыжьыхьым (апрелым) и 1 лъандэрэ. Накъыгъэ мазэм зи лъэIу тхылъ щIэзылъхьа унагъуэхэм зэрыIыгъыу мазитI хьэкъыр кърatынущ, ари мэлыжьыхь мазэм ехъулIэу я сабийм и ныбжьыр мазий ирикъуауэ щытмэ. Тхылъ щIалъхьам хэплъэнущ лэжьэгъуэ махуи 10-м кърииубыдэу. А пIалъэр язынықъуэхэм деж щагъэкIыхьи къохъу. Апщыгъуэм, социальнэ ахъшэ щIэлъэIуам хъыбар ирагъащIэу письмо къыIэрыхьэнущ.

Унафэр къыщахьынур кууэ Iуэхум хэплъа нэужьщ. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, ди хэгъуэгум деж цIыхур ирипсэуну зыхуэныкъуэм нэхърэ (прожиточный минимум), ику ит и хэхъуэр нэхъ мащIэу щытмэщ хуэгъэкIуэтэныгъэ ахъшэр унагъуэм щратынур. Абы къинэмыщIауэ, цIыхум зэрызыхуигъэзар щызэрагъэзахуэкIэ, еплъынущ адэ-анэхэр лажьэ-мылажьэми, мылъкуу ябгъэдэлъми.

Хэгъуэгум деж сабийр ирипсэуну зыхуэныкъуэм и ныкъуэращ хэти къылъысыпхъэр (къэралым ар къыщрегъажьэ сом 6150-м). Ауэ, кърaтыну ягъэува ахъшэр унагъуэр иримыпсэуфынумэ, мащIэмэ, хуэгъэкIуэтэныгъэр процент 75-м нэс драгъэкIуеинущ. Ари яхуримыкъурэ, проценти 100-м нэгъунэ ирагъэкъунущ. Апхуэдэу, ику ит тыгъуэр сом мини 6-12-м кърииубыдэу щытынущ.

**ДАРМОГРАЕВЭ Е.,**
**республикэм и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу нэхъыжь**

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru
@CHERKESHAKU
телеграм напэкIуэцIыр
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ГУНДЭХЪУ Аня,
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Жантемыр Зураб.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
[P] — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. Къыдэкl бжыгъэр 2951-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм - 26-36-27,
бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ЛЫХЬ Тимур,
корректор МУССЭХЭ Зуридэ,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ